WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti
dekani’: _____ doc. Q.Turdi’baev
« ___» __________ 2013-j

5220100-Qarqaqlpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag’darinin’ 4-kurs studenti Purxanatdinova Go’zzaldi’n’ «**Qaraqalpaq tilinde buyri’q ha’m tilek meyil formalari’**» degen temadag’i’

# PITKERIW QANIGELIK JUMI’SI’

No’kis - 2013

## JAQLAWG'A RUXSAT BERILDI

Filologiya fakulteti dekani': doc. Q.Turdi'baev

Kafedra basli'g'i': prof. M.Qudaybergenov

İlimiy basshi': prof. M.Qudaybergenov

TEMA: **Qaraqalpaq tilinde buyri'q ha'm tilek meyil formalari'**

Ma'mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n' qarari':

G.Purxanatdinovani'n' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'na «___» bah'asi' qoyi'lsi'n.

«__» «_________», 2013-ji'l

MAK basli'g'i' ________________

MAK ag'zalari'_____________________________

# Jobasi’

Kirisiw. ……………………………………………………………………….4

a) Temani’ izertlewdin’ aktualli’g’i’. ………………………………………...4

b) Temani’n’ izetleniwi …………………………………………………5

v) Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’ ….…………………………….8

I BAP. Buyri’q meyil……………………………………………………...10

I.1. Buyri’q meyildin’ formalari’ …………………………………………16

I.2. Buyri’q meyildin’ analitikali’q formalari’……………………….…20

I.3. Buyri’q meyildin’ ma’nileri ha’m woni’n’ stillik qollani’li’wi’ ………..25

II BAP. Tilek meyil ………………………………………………………30

II.1. Tilek meyil formalari’ ………………………………………….....35

II.2. Tilek meyildin’ analitikali’q formalari’………………………………...38

II.3. Tilek meyildin’ ma’nileri ha’m woni’n’ stillik qollani’li’wi’ ………….40

II.4. Buyri’q ha’m tilek meyillerinin’ bir-biri menen baylani’si’ ha’m wo’zgeshelikleri …………………………………………………………42

Juwmaq ……………………………………………………………...44

Paydalani’lg’an a’debiyatlar ……………………………………………...48

# KIRISIW

**a) Temani' izertlewdin' aktualli'g'i'.** Feyil qaraqalpaq tilinde basqa so'z shaqaplari'na qarag'anda yen' qospali' ha'm grammatikali'q formasi' menen ma'nisi jag'i'nan yen' ko'lemli so'z shaqaplari'ni'n' biri.

Feyiller ma'nisi boyi'nsha adam yamasa basqa bir zatlardi'n', ta'biyat qubi'li'slari'ni'n' is-ha'reketinin' procesin ha'm hal-jag'dayi'n bildiredi. Wolardi'n' grammatikali'q ta'repi boyi'nsha o'zgesheliklerinen biri – bul bir neshe morfologiyali'q kategoriyalarg'a iye yekenligi menen belgilenedi.

Morfologiyali'q ta'repinen feyil da'reje, meyil, ma'ha'l, tu'r, bet- san kategoriyalari'na iye. Usi'nday morfologiyali'q kategoriyalari'ni'n' biri – meyil kategoriyasi' boli'p tabi'ladi'.

Meyil kategoriyasi' is-ha'reketke woni' atqari'wshi' adam yamasa zat arasi'ndag'i' baylani'si'na so'ylewshinin' ha'r tu'rli ko'z- qarasi'n bildiredi. Meyil is-ha'rekettin' modalli'q ma'nilerin ani'qlap beriwshi ha'm de is-ha'rekettin' haqi'yqatli'qqa qatnasi'n bildiriwshi kategoriya boli'p tabi'ladi'. Solay yetip, meyil is-ha'rekettin' obektiv haqi'yqatli'qqa bolg'an qatnasi'na so'ylewshinin' ha'r qi'yli' ko'z-qaraslari'n bildirip, soni'n' menen birge, meyildin' basqa kategoriyalari'nan ayi'rmashi'li'g'i' wol wo'z ishine ma'ha'l ha'm bet-san kategoriyalari'n qamti'ydi'.

Ha'r bir meyil bir-birinen ayri'li'p turatug'i'n wo'zine ta'n morfologiyali'q ko'rsetkishlerge ha'm semantikali'q ma'nige iye boladi'. Mi'sali': Biraq, men qulag'i'mni'n' quni'n *qaytardi'm*. Neshshesinin' qulaq shekesin oqqa *jandi'rdi'm* (K.Sultanov). Talabi'n'nan *qalma* (K.Sultanov). İlayi'm, usi' topi'raq tarti'p, jawi'n'di' jen'ip, aq ju'zli abi'royli' boli'p yelge *kelgeysen'* (K.Sultanov). Yeger sali'q sala berse ha'mmenin' tarqap, palapan basi'na, turi'mtay tusi'na *ketiwi mu'mkin*. (K.Sultanov).

Bul joqari'dag'i' ko'rsetilgen mi'sallardag'i' feyiller ani'qli'q, sha'rt, tilek ha'm buyri'q meyillerdi bildirip tur. Sonday- aq, bul mi'sallardan ko'rgenimizdey tek ani'qli'q meyil g'ana ha'r tu'rli grammatikali'q usi'llar ja'rdeminde u'sh ma'ha'lde de qollani'la aladi'. Al, meyil kategoriyasi'ni'n' basqa tu'rleri bolsa tiykari'nan, keler ma'ha'l ma'nisin bildirip keledi. Sebebi wolar yele iske aspag'an biraq, iske asi'wi' mu'mkin bolg'an is-ha'reketti an'latadi'.

Feyil meyillerinin' ha'r bir tu'ri wo'zine ta'n ma'nilik ha'm grammatikali'q wo'zgeshelikke iye. Ma'selen, buyri'q meyil birinshi bette ayti'lmay, al, II-III betlerde birlik formasi'nda ayti'lsa, ko'plik formasi'nda u'sh bette de ayti'ladi'. Tilek, sha'rt, ani'qli'q ha'm maqset meyilleri birlik ha'm ko'plik formasi'nda u'sh bette de ayti'ladi'. Ma'nilik wo'zgesheligine qaray meyiller to'mendegidey ma'nilerdi bildiredi: Buyri'q meyil is-ha'reketti so'ylewshinin' yekinshi birewge buyi'ri'w ma'nisin, sha'rt meyil is-ha'rekettin' wo'ri'nlani'w yaki wori'nlanbaw sha'rtin, tilek meyili is-ha'reket arqali' so'ylewshinin' tilek-wo'tinishin yamasa wo'tiniw ma'nisin, maqset meyili bolsa, is-ha'rekettin' isleniw maqsetin, niyetin, al, ani'qli'k meyili bolsa is-ha'rekettin' haqi'yqat islengenligin, islenip ati'rg'ani'n yamasa yendi islenetug'i'ni'n bildiredi.

Feyil meyilleri ha'm wolardi'n' atali'wi'ndag'i' pikirlerdin' ha'r qi'yli'li'g'i' yele meyil kategoriyasi' sistemasi'ni'n' belgili bir qa'lipke tu'spegenliginen derek beredi.

**b) Temani'n' izertleniwi.** Tu'rkiy tillerinde meyiller boyi'nsha jazi'lg'an arnawli' miynetlerde de, sonday-aq, grammatikalarda da meyillerdi klassifikaciyalaw birdey yemes. Ma'selen, yakut tilinde meyiller boyi'nsha monografiyali'q jobada izertlegen E.İ.Korkina meyillerdi ani'qli'q meyil ha'm qi'ya meyil dep yekige bo'lgen[1]. Qi'ya meyiller qurami'na – buyri'q, sha'rt, tasti'yi'qlaw, minnetlilik, haqi'yqat bolatug'i'n is-ha'reket, mu'mkinshilik, iske

[1] Korkina E.İ. Nakloneniya glagola v yakutskom yazıke. M., «Nauka», 1970, str. 28.

aspaytug'i'n yamasa aspasa bolmaytug'i'n is-ha'reket, sha'rtli boljawdi', boljaw meyillerin kirgizip, wolardi'n' formalari'n ha'm ma'nilerin tallap ko'rsetedi.

A.M. Cherbak ta tu'rkiy tillerindegi meyillerdi buyri'q, tilek, sha'rt, ani'qli'q ha'm basqa da qi'ya meyil formalari' dep bo'ledi.

Qi'ya meyil formalari'na og'uz tilindegi tiyislilikti bildiriwshi - *mali'* formasi'n boljawdi' bildiretug'i'n *-go'y, -man,* shamalaw ma'nisindegi *-i'w, -iw, -dan* formalari'n kirgizedi[1].

Meyillerdin' geypara tu'rlerin, ayri'ksha buyri'q ha'm tilek meyillerdin' I bet formasi' tuwrali' da bir sheshimge kelingen pikirler joqti'n' qasi'nda. Bul haqqi'nda ko'pshilik tu'rkiy tillerinde u'sh tu'rli bag'dardi' ko'rsecek boladi':

1) Meyillerdin' *-ayi'n//-eyin, -ayi'q//-eyik* formalari' qazaq, qi'rg'i'z, tu'rkmen, uyg'i'r, yakut, tatar ha'm qaraqalpaq tilinde buyri'q meyildin' I bet formasi' dep ataydi'.

2) A.N.Kononov, N.K.Dmitriev, A.A.Yuldashev ha'm A.M.Cherbakti'n' joqari'da atalg'an miynetlerinde I betke tiyisli *-ayi'n//-eyin, -ayi'q//-eyik* formalari'n tilek meyilge kirgizedi.

3) N.A.Baskakov, L.G.Tumasheva ha'm wo'zbek tilinin' grammatikalari'nda buyri'q-tilek meyili meyildin' ayri'qsha bir tu'ri si'pati'nda beriledi[2]. Meyildin' bul tu'rinin' ko'rsetkishi retinde *-ayi'n//-eyin, -ayi'q//-eyik* formalari'n ko'rsetedi.

Bul forma arqali' bildiriletug'i'n meyillerdi biz jumi'si'mi'zdi'n' II babi'ni'n' buyri'q ha'm tilek meyillerdin' bir-biri menen baylani'si' ha'm wo'zgesheligi bo'liminde ken'irek toqtap wo'temiz.

Meyil haqqi'nda qaraqalpaq tilinde arnawli' izertlewler bolmasa da, wol haqqi'nda joqari' woqi'w wori'nlari' studentlerine arnalg'an grammatikalarda ha'm mektep grammatikalari'nda so'z etiledi. Sonday-aq, feyil haqqi'nda islengen monografiyalarda u'stirtin azi'-kem ayti'p wo'tiledi. 60-ji'llardi'n' aqi'ri'nda

---

[1] Cherbak A.M. Ocherki po sravnitelnom morfologii tyurkskix yaz?kov (glagol), L, 1983, str. 66- 68.
[2] Baskakov N.A. Proisxojdenie form povelitelno – jelatelnogo nakloneniya v tyurkskix yaz?kax. – «Vopros? yaz?koznaniya», 1975; Tumasheva D.G. Yaz?k sibirskix tatar, chast II, Kazan, 1969 str. 28- 29.

«meyil» degen terminnin’ wo’zi de qaraqalpaq tilinde «meyil tu’rleri» dep atap kelingen. Bug’an mi’sal retinde A.Esemuratovti’n’ 1957-ji’li’ mektepler ushi’n sabaqli’g’i’nda «feyil tu’rleri» dep atalg’an ha’m wolardi’ ani’qli’q feyil, buyri’q feyil, tilek feyil ha’m sha’rt feyil dep to’rtke bo’lgen.

Feyildin’ meyilleri haqqi’nda qaraqalpaq tilinde da’slep 1932-ji’li’ To’rtku’lde basi’li’p shi’qqan A.N.Baskakovti’n’ «Qaraqalpaq tilinin’ qi’sqasha grammatikasi’nda» so’z yetilgen. Bunda avtor feyil meyillerin ani’qli’q, sha’rt, buyri’q ha’m ani’q yemes dep to’rtke bo’ledi.[1] Feyildin’ *-ayi’n//-eyin, -si’n//-sin* formalari’n buyri’q meyilge, al atawi’sh feyildin’ *-maq//-mek, -i’w//-iw, -w* formalari’n ani’q yemes feyilge kirgizgen.

N.A.Baskakovti’n’ «Karakalpakskiy yazi’k» II tom atli’ fundamental miynetinde qaraqalpaq tilindegi feyil meyillerin u’lken yeki toparg’a: 1. Ani’qlama meyil; 2. Buyri’q-tilek-sha’rt meyil.

N.A.Baskakovti’n’ bunnan keyingi miynetlerinde qaraqalpaq tilindegi feyil meyillerinin’ bir-birinen aji’rati’wda ha’m klassifikaciyalawda bir qansha toli’qti’li’p barg’an. Oni’n’ 1968-ji’li’ shi’qqan «Qaraqalpaq-russha so’zliktin’» son’i’nda berilgen grammatikali’q ocherkinde qaraqalpaq tilindegi feyil meyillerinin’ to’rt tu’ri ko’rsetilgen: ani’qli’q, tilek, sha’rt ha’m buyri’q meyil.[3]

1974-ji’li’ ha’m 1981-ji’li’ shi’qqan joqarg’i’ woqi’w wori’nlari’na arnalg’an «Ha’zirgi qaraqalpaq tili» miynetinde de buyri’q, tilek, sha’rt ha’m ani’qli’q meyil dep to’rtke bo’lip qaralg’an. Al mektep oqi’wshi’lari’na arnalg’an sabaqli’qlardi’ tu’rlerge aji’rati’w ha’r tu’rli berilgen. Ma’selen, A.Esemuratov ha’m K.Berdimuratovti’n’ 1964-ji’lg’i’ mektep sabaqli’g’i’nda: ani’qli’q, buyri’q ha’m

[1] Kononov A.N. Grammatika sovremennogo uzbekskogo literaturnogo yaz?ka. M-L. 1960. 234-bet. Dmitriev N.K. Grammatika bashkirskogo yaz?ka. M-L. 1948, 174-bet. Yuldashev A.A. Sistema slova obrazovaniya i spryajenie glagola v bashkirskom yaz?ke. 166-bet.
2. Cherbak A.M. Ocherki po sravnitelnom morfologii tyurkskix yaz?kov. (Glagol). L., 1981, 66-68-betler; Esemuratov A. Qaraqalpaq tili. I bo’lim, Fonetika, leksikologiya, morfologiya. No’kis, 1957, 151-bet.
[3] Baskakov N.A. Kratkaya grammatika karakalpakskogo yaz?ka. Turtkul, 1932, 135-138-betler.

sha’rt meyiller berilgen bolsa, al wolardi’n’ avtorli’g’i’nda 1988-ji’li’ basi’li’wi’nda tilek meyilin de ko’rsetedi.

Son’g’i’ da’wirde M.Da’wletovti’n’ feyilge arnalg’an monografiyasi’nda qaraqalpaq tilindegi meyiller bir qansha ken’irek analizlengen. Keyingi da’wirde meyillerdi klassifikaciyalawda bir qansha jetiskenliklerdi ko’riwge boladi’. Ma’selen, 1974 ha’m 1981-ji’lg’i’ joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ studentlerine arnalg’an grammatikalarda meyildin’ ani’qli’q, buyri’q, tilek ha’m sha’rt meyil tu’rlerin atap ko’rsece, al 1994-ji’li’ basi’li’p shi’qqan qaraqalpaq tilinin’ akademiyali’q grammatikasi’nda meyildin’ bes tu’ri ko’rsetilgen. Bunda meyildin’ besinshi tu’rin maqset meyil dep woni’n’ formali’q ko’rsetkishine *-maqshi’, -mekshi, -baqshi’, -bekshi, -paqshi’, -pekshi* qosi’mtalari’ atap wo’tiledi.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde meyildin’ bes tu’ri bar:

1. Buyri’q meyil;
2. Tilek meyil;
3. Sha’rt meyil;
4. Maqset meyil;
5. Ani’qli’q meyil.

Ha’r bir meyil wo’zine ta’n modalli’q eksperssivlik ma’nilerdi bildiredi. Usi’g’an baylani’sli’ meyillerdi de wo’z ishinde ha’r qi’yli’ ma’nilerdi bildiriwine baylani’sli’ bo’lip qarawg’a boladi’.

Biz jumi’si’mi’zda meyillerdin’ tek g’ana tilek ha’m buyri’q meyillerine toqtap, wolardi’n’ u’yreniliw sebeplerin jumi’si’mi’zda toli’q ashi’p beriwge ha’reket yetemiz. Sonday-aq, jumi’sta buyri’q ha’m tilek meyillerinin’ stillik qollani’wi’na ayri’qsha kewil bo’linedi.

***v) Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’.*** Jumi’sti’n’ maqseti – ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi tilek ha’m buyri’q meyil formalari’, wolardi’n’ ma’nilik ha’m stillik qollani’li’w wo’zgesheliklerin ashi’p ko’rsetiw. Bul maqsetti iske asi’ri’w ushi’n tu’rkiy tilleri boyi’nsha buyri’q ha’m tilek meyilleri arnawli’ so’z yetilgen

izertlewlerdin’ ko’pshiligi mu’mkinshiligi bolg’ani’nsha paydalani’ldi’, qaraqalpaq tili boyi’nsha miynetler de ken’nen u’ynenildi  ha’m wolardag’i’ ayti’lg’an pikirler basshi’li’qqa ali’ndi’.

Belgilengen maqsetke yerisiw ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ sheshiw alg’a qoyi’ldi’:

- Uli’wma til bilimindegi buyri’q ha’m tilek meyillerinin’ izertleniwin u’yreniw;

- Qaraqalpaq til bilimindegi buyri’q ha’m tilek meyillerinin’ izertleniwin u’yreniw;

- Qaraqalpaq tilindegi buyri’q ha’m tilek meyillerinin’ ma’nilik ha’m stillik wo’zgesheliklerin ani’qlaw.

- İzertlew boyi’nsha ilimiy juwmaqlar ha’m usi’ni’slar jasaw.

# I BAP. BUYRI’Q MEYİL

Qaraqalpaq tilinde buyri’q meyili meyildin’ basqa formalari’nan wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri menen ayri’li’p turadi’. Buyri’q meyil feyil sistemasi’ni’n’ worayli’q bo’liminde turadi’ dep atawi’mi’zdi’n’ sebebi ko’pshilik feyiller hesh qanday ko’rsetkishsiz II bete turi’p buyri’q ma’nisin bere aladi’.

Buyri’q meyil so’ylewshi ta’repinen basqa birewge qarati’lg’an buyi’ri’w, ha’mir yetiw, talap yetiw, shaqi’ri’q, t.b. ma’nidegi is- ha’reketti an’latadi’. So’ylewshinin’ buyri’g’i’ ti’n’lawshi’g’a (yekinshi yamasa birinshi betke), ti’n’lawshi’ arqali’ basqa birewge (u’shinshi betke) wo’tedi. Sonli’qtan haqi’yqi’y buyri’q meyil formalari’ tiykari’nan II ha’m III bet arqali’ bildiriledi: al, ayt, woqi’t, jazdi’r, u’yret, u’yren, woqi’n’, ayti’n’, woqi’si’n, aytsi’n, qala ber, qabi’l yet ha’m t.b. Mi’sali’: Yendi sen *qala ber. U’yret, u’yren.* Wo’sken jerdin’ woyli’-ba’lentin ani’qlap bari’w kerek, uli’m. Shayi’q atan’ni’n’ zeynine *tiyme*, sadi’q bol, uli’m. Yendigi ga’pti Amanqul biy *aytsi’n* (T.Qayi’pbergenov).

Buyri’q meyildin’ betleniw paradigmasi’ to’mendegishe:

| BİRLİK | KO’PLİK |
|---|---|
| I. woqi’, isle | I. woqi’yi’q, isleyik |
| II. woqi’n’, islen’ | II. woqi’n’, islen’, woqi’n’i’z, islen’iz, woqi’n’lar, islen’ler, woqi’n’i’zlar, islen’izler. |
| III. woqi’si’n, islesin. | III. woqi’si’n, islesin |

Ko’rsetilgen kesteden belgili, buyri’q meyildin’ I beti birlik sanda joq, al II beti tu’bir ha’m do’rendi feyiller arqali’ bildirilgen. Biraq, II bettin’ birlik sani’ni’n’ si’payi’ tu’ri feyil tu’birine - *(i’) n’*, - *(i’) n’i’z*, - *(i) n’iz*, -*(n’)* betlik affikslerinin’ jalg’ani’wi’ arqali’ jasaladi’. Buyri’q meyildin’ birlik sani’ni’n’ III betinde -*si’n* / -*sin* affiksi qollani’ladi’. Bul affiks buyri’q meyildin’ arnawli’

affiksi boli’w menen qatar, woni’n’ III bettegi betlik formasi’ boli’p keledi. Soni’n’ menen qatar, bul forma buyri’q meyildin’ III betinin’ birlik ha’m ko’pligi ushi’n wortaq boladi’: Wol *aytsi’n* (wolar aytsi’n) t.b.

Haqi’yqati’nda, feyildin’ barli’q tu’bir ha’m do’rendi formalari’ buyri’q meyildin’ II bet, birlik sani’nda ayti’ladi’. Sonli’qtan tu’bir ha’m do’rendi feyiller buyri’q meyildin’ wo’zi (tiykari’) boli’p yesaplanadi’. Ha’tteki, buyri’q meyildin’ II bet, birlik formasi’ tu’p da’reje feyilleri si’yaqli’ barli’q meyil paradigmasi’ni’n’ baslang’i’sh formasi’ boladi’. Sebebi meyil kategoriyasi’ni’n’ basqa semantikali’q tu’rleri feyil tiykari’na belgili bir affikslerdin’ jalg’ani’wi’ arqali’ an’lati’ladi’.

Buyri’q meyildin’ birinshi betinin’ ko’plik formasi’ *-(a) yi’q / -(e) yik* formasi’na iye. Bul formani’ N.K. Dmitriev «Bashqurt tilinin’ grammatikasi’nda» tilek meyildin’ I betinin’ ko’plik formasi’nan ali’p, sha’rtli tu’rde buyri’q meyildin’ I bet, ko’plik formasi’na wo’tkeredi[1]. N.K. Dmitrievti’n’ bul formani’ buyri’q meyilge wo’tkeriw sebebi, bunda qanday da bolmasi’n, tilek meyildin’ I bet, birlik formasi’nan wo’zine ta’n wo’zgesheliginin’ bar yekenligin yesapqa aladi’. Haqi’yqati’nda da, tilek meyildin’ birlik formasi’ni’n’ *- ayi’n / - yin* formasi’ so’ylewshinin’ obyektivlik haqi’yqatli’qqa bolg’an subektivlik qatnasi’n – tilek- wo’tinishin bildiredi. So’ylewshinin’ tilegi, wo’tinishi buyri’q ma’nisinde basqa birewge – yekinshi yamasa u’shinshi betke (adamg’a) qarati’lmaydi’, tek bir na’rseni islew yaki wori’nlaw haqqi’ndag’i’ wo’zinin’ tilegi, wo’tinishi g’ana basqa birewden tilek- wo’tinish ma’nisinde soraladi’, tilek yetiledi. Mi’sali’: Men *aytayi’n*, men *woqi’yi’n*, men *so’yleyin* t.b. Al, tilek meyildin’ *-ayi’q / -eyik* ko’plik formasi’nda haqi’yqi’y tilek- wo’tinish ma’nisinen go’re, shaqi’ri’q ma’nisindegi buyri’q basi’m keledi. Sebebi *-ayi’q / -eyik* formasi’ arqali’ bildirilgen is- ha’reket tek so’ylewshinin’ wo’zine qarati’lmay, basqa birewlerge – ko’pshilikke qarati’ladi’. Ko’pshilikti qarati’w, shaqi’ri’w, ma’jbu’rlew ma’nisindegi is - ha’reketti an’latadi’: *barayi’q, qurayi’q, qarayi’q, alayi’q, oqi’yi’q, keteyik* t.b:

---
[1] Dmitriev N.K. Bashqort telenen’ grammatikas?(1950), 174-b.

Ju'rin' qi'zlar suw boyi'na *barayi'q,*
Woyi'n – ku'lki tamashalar *qurayi'q,*
Wo'tken – ketken jigitlerge *qarayi'q,*
Jaqsi'lari'n saylap – saylap *alayi'q*

(xali'q qosi'g'i').

Demek, usi' ko'z – qarastan qarag'anda, qaraqalpaq tilindegi buyri'q meyil paradigmasi' to'mendegishe:

| BIRLIK | KO'PLIK |
|---|---|
| I bet – – – | I bet –ayi'q/ -eyik, -yi'q/ -yik |
| II bet –i'n'/ -in' -n' | II bet –i'n'/ -in' –n' (lar), -i'ni'z, -iniz, -n'i'z/ -n'iz |
| III et –si'n/ -sin | III bet –si'n/ -sin |

Tu'bir ha'm do'rendi feyillerge *-g'i'r/ -gir, -qi'r/ -kir* affikslerinin' jalg'ani'wi' arqali' ku'shli emocionali'li'q ma'nige iye bolg'an buyri'q meyil jasaladi'. Bul affiksler arqali' jasalg'an buyri'q meyil dara so'z yamasa turaqli' dizbek formalari'nda *kelip, keyiw, g'arg'aw, qayg'i'ri'w* yamasa *baxi't tilew* ma'nilerindegi buyri'qti' bildiredi. Buyri'q meyildin' bul tu'ri, ko'binese awi'zeki so'ylewde qollani'ladi': *qi'ri'lg'i'r, won'bag'i'r, buyi'rmag'i'r, wo'spegir, joq bolg'i'r, qarabasqi'r, tili qi'ri'lg'i'r, ju'zi qara bolg'i'r, bereket tapqi'r,wo'miri uzaq bolg'i'r, qollari' da'rt ko'rmegir, wo'nip wo'skir* t.b.

Yeski tu'rkiy tillerinde ha'm ha'zirgi tu'rkiy tillerinin' geyparalari' qollani'latug'i'n II bet, birlik sandag'i' buyri'q meyildin' *- g'i'l/ - gil* formasi' ha'zirgi qaraqalpaq tilinde qollani'lmaydi'. Bul forma XIX a'sirdegi qaraqalpaq klassik shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'nda ha'm xali'q qosi'qlari'nda ushi'rasadi'. Sonli'qtan bul forma ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' meyil kategoriyasi'na tiyisli yemes:

A’y, kewlim, woylani’p ko’p sabi’r *qi’lg’i’l,*
Wo’zin’nin’ isin’e mustaqam *bolg’i’l.*
(Ku’nxoja).

Qaraqalpaq tilindegi buyri’q meyil joqari’da atalg’an affikslerden ti’sqari’, geypara qosi’msha ma’ni beriwshi grammatikali’q qurallar arqali’ da bildiriledi:

1) Buyri’q meyildin’ birlik sandag’i’ II ha’m III betine ha’m ko’plik sandag’i’ I betine *-shi’ / -shi* janapaylari’ qosi’li’p, buyri’qti’ da’slepkiden go’re jumsarti’p ko’rsetedi: *alshi’, bershi, kechi, alsan’shi’, bersen’shi, keteyikshi, barayi’qshi’, ali’n’shi’, jazi’n’shi’* t.b. Azi’raq *ti’ni’shlanshi’*. Bati’ray, *shawqi’m salmay turshi’* (S.Qapaev). Sonday- aq *-shi’ / -shi* janapayi’ tilek meyildin’ I bet, birlik sandag’i’ *-ayi’n / -eyin* formasi’na sha’rt meyildin’ II bet, birlik ha’m ko’plik formasi’ndag’i’ ha’m III bettegi *-sa* (awi’zeki so’ylewde) formalari’na qosi’li’p ta buyri’q meyil ma’nisi bildiriledi: *alayi’n- shi’, keteyin- shi, alsan’shi’, kecen’- shi, alsani’z- shi’, kelsen’iz- shi, barsan’- i’z- shi’, alsa- shi’, berse- shi* (bul forma awi’zeki so’ylewde *alsash, bersesh, kecesh, aycash* t.b. birikken formalarda aktiv qollani’ladi’);

2) Buyri’q meyil sha’rt meyildin’ II bet birlik formadag’i’ *-san’ / -sen’* affiksine *-a / -a’* janapaylari’ni’n’ qosi’li’wi’ arqali’ bildiriledi. Bul janapay sha’rt meyildin’ *-san’ / -sen’* affiksi menen birigip *-san’a / -sen’e* formalari’nda bir affiks si’yaqli’ boli’p qollani’ladi’. Bul forma ko’binese awi’zeki so’ylew ushi’n ta’n boli’p keledi: *Qoysan’a, barsan’a, kelsen’a’, aycan’a, alsan’a, jazsan’a, bersen’a’* t.b. Mi’sali’: Qosi’bay hayali’ni’n’ aqi’lsi’zli’g’i’n jaqti’rmay: – *Qoysan’a* – dep jekirindi. – Ha’, ju’wernemek, *kelsen’a’* bermag’an (K.Sultanov).

Buyri’qli’q ma’ni ani’qli’q ha’m sha’rt meyiller arqali’ da bildiriledi. Bul jag’day konkret yamasa situaciyag’a baylani’sli’ boladi’. Mi’sali’:

– Qa’ne, ko’p *irkilmeyik*.

– Basla wonda *kettik* (T.Qayi'pbergenov). Yendi senin' kelgen quwani'shli' ku'nin'de bolmasa, ko'zimnin' jasi'n *to'kpeymen*. Yeger *riyzali'q bermese*, ag'asi' Qosi'baydi' Xiywag'a aydati'p, wo'zin arbag'a baylap *a'ketemen* (K.Sultanov).

Buyri'q meyil II bet tu'bir yamasa do'rendi tu'bir formasi'nda kelgende, wolardag'i' pa't birinshi buwi'ng'a tu'sedi ha'm sol feyildin' buyri'qli' ma'nisin ku'sheytedi: *woqi', isle, ayti'n'* t.b.

Yeger de buyri'q meyil yeki yamasa bir neshe morfemadan qurali'p, birinshi morfemani'n' son'g'i' sesi dawi'sli'g'a pice, pa't birinshi morfemani'n' son'g'i' sesine tu'sedi: woqi'- n'i'z, isle- n'iz, so'yle- n'iz, woqi'- yi'q, kete- yik t.b.

Buyri'q meyil formasi'ndag'i' so'zler ga'p ishinde buyri'q intonaciyasi' menen ayti'ladi'. Buyri'q intonaciyasi' menen ayti'lg'an ga'plerde buyri'q meyil sol ga'ptin' bayanlawi'shi' xi'zmetinde jumsaladi'. Buyri'q meyildin' ha'r tu'rli ma'ni wo'zgesheliklerine iye boli'wi' kontekst yamasa situaciyag'a, intonaciyali'q wo'zgeshelikke qaray ani'qlanadi':

Uri's! … A'psherin' a'beshiy! Biygu'na na'restenin' atasi'n, anani'n' botasi'n miyrimli qushag'i'nan juli'p ali'p, i'ssi' bawi'ri'n sholaq yetken – sen!... *Al* kerek bolsa jalg'i'zi'mdi'!... *Qarq bola g'oy*!...

Jen'is penen kelin'! Ta'mbisin *berin'*, jawdi'n'!– degen adamlardi'n' jag'ada g'azapli' so'zleri gu'n'irense, katerdin' palubasi'ni'n' u'stinde qi'lshi'ldag'an jaslardi'n':

– Bizlerdi bali'qqa *sag'i'ndi'rman'*!

– Bizler ushi'n bali'qti' ko'p *uslan'i'z*!... degen ha'zil- da'lkek so'zleri yesitilip turdi'.

– Ha'y jasawi'llar, tart qi'li'shti'. *Tiyme* atama, *shi'g'i'n'* uri's maydani'na! – degen wag'i'rli' wotawdi' qorshap aldi' (K.Sultanov).

Demek, bul si'yaqli' ga'plerde di'qqat yetilgen buyri'q meyil formalari' kontekst yamasa situaciyag'a baylani'sli' ko'terin'ki buyri'q intonaciyasi' menen

ayti'li'p, buyri'q meyildin' ma'nisi dara ayti'lg'andag'i' hali'nan ku'shli emocionalli'q ottenkige iye boli'p keledi.

Sonday- aq, buyri'q meyiller – is ha'rekettin' wori'nlani'wi' yaki wori'nlanbawi' so'ylewshinin' ti'n'lawshi'g'a yamasa ti'n'lawshi'dan basqa birewge buyri'q tu'rindegi aytqan woy-pikirin bildiredi. Mi'sali', Al, ha'zir tezirek *shap*, ilaji' bolsa Mi'rji'qlardan buri'n *jet* (T.Qayi'pbergenov). Soni' ha'zir usi' jerge ali'p kelin' (T.Qayi'pbergenov). Adam wo'tken anani'n' qa'dirin yesten shi'g'arman'! (K.Sultanov). Ajar jolawshi'ni'n' tiline bo'rgenin' wonsha jaqti'rmag'anday, - mi'na shanani'n' aqi'ri'n *tarti's*, jolg'a shi'g'i'p alayi'q, - dedi (O'.Ayjanov).

Bul mi'sallarda feyildin' buyri'q ma'nisi yekinshi bette birlik formada turi'pti'.

Buyri'q meyil qaraqalpaq tilinde I ha'm III bette de qollani'ladi'. I bette buyi'ri'w wo'zine-wo'zi buyi'ri'w ma'nisinde keledi. Mi'sali': Qa'ne wonda men keteyin, yene, mekteptegilerge yeplep ja'rdemlesip *turayi'n* (K.Sultanov). - Qa'ne, *ayci'n*! Meyli *ayi'ri'li'ssi'n*! Basqa birewlerdi-aq *alsi'n*! Wo'mir tolqi'ni' *shaypalsi'n*! Du'beley *tursi'n*! Meyli! Ja'miyla tu'si bozari'p, yeki ko'zi ten'izdey tu'nerip worni'nan turdi' (K.Sultanov).

Qaraqalpaq tilindegi boli'mli' ha'm boli'msi'z formalardag'i' buyri'q meyillerdin' betleniw paradigmasi' to'mendegishe boladi':

1. Boli'mli' forma buyri'q meyil.

| BIRLIK | KO'PLIK |
|---|---|
| I.-------- | I. alayi'q, ko'reyik, bereyik |
| II. al, ali'n', ko'r, ko'rin', ber, berin'. | II. ali'n', ko'rin', berin', ali'n'i'zlar, ko'rin'izler, berin'izler. |
| III. alsi'n, ko'rsin, bersin. | III. alsi'n, ko'rsin, bersin |

2. Boli’msi’z forma buyri’q meyil.

| BIRLIK | KO’PLIK |
| --- | --- |
| I.-------- | I. almayi’q, ko’rmeyik, bermeyik |
| II. alma, alman’, alman’i’z, ko’rme, ko’rmen’, ko’rmen’iz, berme, bermen’, bermen’iz | II. alman’i’z, ko’rmen’iz, bermen’iz, ali’n’i’zlar, ko’rin’izler, berin’izler. |
| III. almasi’n, ko’rmesin, bermesin. | III. almasi’n, ko’rmesin, bermesin |

Buyri’q meyildin’ betleniw paradigmasi’nda ko’rgenimizdey III bet birlik san ha’m III bet ko’plik sani’nda da *–si’n, -sin* birdey qollani’ladi’.

Qaraqalpaq tilinde buyri’q meyildin’ birlik sani’ni’n’ arnawli’ qosi’mtasi’ bolmaydi’, yag’ni’y I bet birlik sanda ayti’lmaydi’. Ko’pshilik tu’rkiy tillerinde buyri’q meyildin’ I bet birlik sani’n bildiriwdi tilek meyil I bet birlik san formasi’ *-oyi’n, -eyin* formasi’n ko’rsetedi.[1] Al, N.A.Baskakov ha’m D.G.Tumashevani’n’ miynetlerinde *-ayi’n, -eyin* qosi’mtalari’n buyri’q meyilge de tiyisli dep isenili pikirler menen ko’rsetedi.[2] Bizin’ pikirimizshe buyri’q meyil I bet birlik formasi’ hesh qanday bolmaydi’ ha’m boli’wi’ da mu’mkin yemes.

## I.1. BUYRI’Q MEYILDIN’ FORMALARI’

1. Buyri’q meyildin’ tiykarg’i’ tu’ri bul tiykar feyiller. Tiykar feyiller II bet formasi’nda birlik sanda, «nol ko’rsetkishli» boli’p ani’q buyri’q ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: 1. Sen tezirek awqatlani’p *qayt* (A.Bekimbetov). 2. Berman *qara*, Azamat (O’.Ayjanov). 3. –Qurdas, sen anaw toran’g’i’ldi’n’ i’g’i’ndag’i’ quyashlama da woti’ri’p kiyimlerin’di keptirip *al* (T.Qayi’pbergenov).

[1] Xangeldin V.N. Tatar tele grammatikas?. Baku, 1959, 223-b. Grammatika turkmenskogo yaz?ka. Ashxabat, 1970, 299-b. Grammatika sovremennogo yakutskogo literaturnogo yaz?ka. M., 1982, 320-321-b. Qazaq tilinin’ grammatikas?. Almat?, 1967, 195-bet.

[2] Baskakov N.A. Proisxojdenie form povelitelno-jelatelnogo nakloneniya v tyurkskix yaz?kax. –Vopros? yaz?koznaniya. 1975, №1, 91-103-b. Tumasheva L.G. Yaz?k sibirskix tatar. Chast II. İzd. Kazanskogo universiteta. 1968, 161-bet.

Sonday-aq, bul meyiller II bet birlik sanda boli'msi'z formali' feyillerden de jasali'p, -is-ha'rekettin' u'zil-kesil toqtawi'n, bolmaytug'i'ni'n, islenbeytug'i'ni'n bildirip keledi. Mi'sali': 1. Uzaq jasaw ushi'n *g'arg'i's alma*, alg'i's al (T.Qayi'pbergenov). 2. At qosshi'n'di' wo'zin'nen *qaldi'ri'ma*! -dep dawi'sladi' (T.Qayi'pbergenov). 3. *Ku'lme, xorlama*! (T.Qayi'pbergenov).

Buyri'q meyil ma'nisin bildiriwshi formalarg'a *-si'n, -sin* ko'plikte *-ayi'q, -eyik* ha'm de *-i'n', -in', -i'n'i'z, -in'iz, -n'i'z, -n'iz* si'yaqli' betlik jalg'awlari' da kiredi.

2. *-si'n, -sin* qosi'mtasi' arqali' III bet buyri'q meyil bildiriledi. Bul qosi'mta buyri'q meyildin' arnawli' qosi'mtasi' boli'wi' menen qatar, ol III bet betlik formasi' boli'p ta sanaladi'. Soni'n' menen qatar, bul forma buyri'q meyildin' III betinin' birlik ha'm ko'pligi ushi'n wortaq formalari' boli'p tabi'ladi'. Mi'sali': 1. Kelesi piyshembide menin' menen birge Xiywag'a ju'retug'i'n *bolsi'n* (T.Qayi'pbergenov). 2. Solay *bolsi'n*, dedi Fatiyma, - biz de pikirimizdi ayti'wi'mi'z kerek (T.Qayi'pbergenov).

Sonday-aq, *-si'n, -sin* qosi'mtasi' boli'msi'z formali' boli'p ta buyri'q ma'nisin bildiredi. Mi'sali': 1. Dasti'qsi'z o'lgen jigit *ko'milmesin*!. 2. A'skerjan, kisi balasi'nday anasi' menen a'kesine miyrimsiz boli'p *wo'spesin*, -dep kempirdin' iyegi kemsen'ledi (K.Sultanov).

3. *-g'i'r, -gir, -qi'r, -kir* qosi'mtalari'ni'n' jalg'ani'wi' menen de buyri'q meyiller jasaladi'. Bunda buyri'q ma'nisi ha'r tu'rli modalli'q ma'nilerdi bildirip keledi. Bul forma arqali' jasalg'an buyri'q meyil a'debiy tilge ta'n bolmay, tek g'ana awi'zeki so'ylewde qollani'ladi'. Bunda alg'i's, g'arg'i's keyisnama ma'nisindegi buyri'q dara so'z yamasa turaqli' so'z dizbekleri arqali' bildiriledi. *-g'i'r, -gir* qosi'mtasi' arqali' jasalg'an buyri'q meyil III betke tiyisli boladi'. Mi'sali': 1. Awi'zi'n'a *qum quyi'lg'i'r*, a'ziyiz iyttin' tuwg'ani'! (T.Qayi'pbergenov). 2. Ne qi'ldi'n' shi'g'i'rdi', *qoli'n' si'ng'i'r*, toqta u'yin'nin' *wayrani' shi'qqi'r!* (A.Bekimbetov).

4. Buyri’q meyildin’ I bet birlik  ha’m ko’plik formasi’ *-i’n’, -in’, -i’n’i’z, -in’iz, -n’i’z, -n’iz* qosi’mtalari’ tu’bir feyillerge jalg’ani’p adamlarg’a yamasa ti’n’lawshi’g’a si’payi’ tu’rdegi qatnasti’ bildiredi:

a) Buyri’q meyil II bette birlik formada feyil tu’birine *-i’n’, -in’, -n’* qosi’mtalari’ni’n’ jalg’ani’wi’ si’payi’ tu’rdegi ani’q buyri’qti’ bildiredi. Mi’sali’: 1. Ku’n-tu’n demey *qabi’l yetin’*, qabi’llawshi’lardi’n’ sani’n *ko’beytin’*. 2. Aqsag’an uchastkani’ tez-tezden ma’lim yetip *turi’n’* (K.Sultanov).

Bul mi’sallardag’i’ *yetin’, ko’beytin’, turi’n’* II bet birlik formada si’payi’ tu’rdegi qatnasti’ bildirip tur. Yeger de joqari’dag’i’ mi’sallardag’i’ *yetin’, ko’beytin’, turi’n’*, demey *yet, ko’beyt, tur* dep alg’ani’mi’zda  ga’ptin’ ma’nisine wo’zgeris kirip, qatan’ buyri’qti’ bildirip keler yedi.

b) Feyil tu’birine *-i’n’i’z, -in’iz, -n’i’z, -n’iz* qosi’mtalari’ni’n’ jalg’ani’wi’ arqali’ jasali’p ti’n’lawshi’g’a hu’rmet-izzet ma’nisin bildiredi ha’m is-ha’rekettin’ isleniw processinde buyi’ri’w ma’nisinen go’re wo’tiniw, talap yetiw basi’mi’raq boladi’. Mi’sali’: 1. *Ayti’n’i’z*, siz qashan kelesiz? -dep soradi’ Dilbar (A.Sadi’kov). 2. Ayta *ko’rmen’iz*, -dep Ja’miyla silkinip sekretarg’a qaradi’ (K.Sultanov). 3. Maxmud Əyvazovti’n’ jasi’n *ko’rin’iz* (İ.Yusupov).

v) *-i’n’, -in’, -i’n’i’z, -in’iz, -n’i’z, -n’iz* qosi’mtalari’ arqali’ berilgen meyillerdin’ son’i’na *-lar, -ler* jalg’awi’ jalg’ani’p, is-ha’reket yamasa processke qatnasi’wshi’ ti’n’lawshi’g’a so’ylewshinin’ buyri’q, shaqi’ri’q ha’m t.b. ma’nilerin bildiredi. *-lar, -ler* jalg’awi’ arqali’ jasalg’an buyri’q meyildin’ ma’nisi ko’pshilikke qarati’lg’an shaqi’ri’q, wo’tinish si’yaqli’ ma’nilerdi bildiredi. Mi’sali’: 1. Xalayi’qlar, *ti’n’lan’i’zlar, ti’n’lan’i’zlar,* Qa’liylani’n’ so’zine qulaq *sali’n’i’zlar*! (K.Sultanov).

2. *Keshirin’ler* yesitkenimdi,
Yesitilip aytqan so’zlerin (M.Seytjanov).

5. *-ayi’q, -eyik* qosi’mtasi’ buyri’q meyildin’ I bet birlik  formasi’n jasaydi’. Bul forma wo’tinish, tilek ma’nisindegi buyri’qti’ bildiredi. Usi’g’an baylani’sli’

ko'pshilik tu'rkiy tillerinde buyri'q meyildin' I bet ko'plik san formasi' boyi'nsha ha'r qi'yli' pikirler bar. Ma'selen, N.K.Dmitriev, A.A.Yuldashev, A.N.Kononov ha'm t.b. miynetlerinde *-ayi'q, -eyik* qosi'mtasi'n tilek meyil qosi'mtasi' dep ko'rsetedi. Biraq ta, N.K.Dmitriev buyri'q meyildin' I bet ko'plik sani' ushi'n sha'rtli ra'wishte tilek meyil formasi' ali'nadi' dep ko'rsetedi[1]. Demek, N.K.Dmitrievte wo'z pikirine qarma-qarsi' shi'g'i'p *-ayi'q, -eyik* qosi'mtasi'n buyri'q meyil qosi'mtasi' dep ataydi' yeken. Sebebi, *-ayi'q, -eyik* qosi'mtasi' arqali' bildirilgen is-ha'reket tek so'ylewshinin' wo'zine qarati'lmay, al, wo'zi arqali' ko'pshilikke qarati'lg'an boladi'. Bul forma buyri'q meyildin' sheriklik ma'nisin bildiredi, yag'ni'y is-ha'reketke wo'zi de basqa ti'n'lawshi'lar da qatnasadi'. Mi'sali': Bizler qala aralap *keleyik*, -dep ruxsat aldi' (T.Qayi'pbergenov). Ayg'ara biydin' awi'li'na bari'p Aqbiydaydi'n' qoli'nan suwsi'n iship *wo'teyik*, -dedi (T.Qayi'pbergenov).

Meyli, wonnan qayta waqi't tapsan' sen,
Jag'ada sayranlap *ju'reyik* azi'- kem (İ.Yusupov).

Sonday- aq, *-ayi'q, -eyik* qosi'mtasi' arqali' tilek ma'nisi de bildiriledi de, biraq bunda tilek ma'nisine qarag'anda ko'pshilikke qarati'lg'an buyri'q ma'nisi basi'm boli'p keledi. Mi'sali': -Solay, a'zizlerim. Ko'zimizdin' tirisinde *xorlanbayi'q,-* dedi. Meyli aqi'lli'm, jabi'qti'q, kewil *ko'tereyik* (T.Qayi'pbergenov).

6. *-g'i'l, -gil* qosi'mtasi' II bet, birlik sandag'i' buyri'q meyil formasi'n jasaydi'. Bul forma ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde wonsha wo'nimli yemes.Biraq, wol yertede, sonday-aq, XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'nda ushi'rasadi'. *-g'i'l, -gil* formasi' ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde tek poeziya jani'ri'nda wo'nsha wo'nimli bolmasa da az sanda jumsaladi'. Mi'sali':

---

[1] Dmitriev N.K. Bashqort telenen' grammatikas?. Baku, 1950, str. 174.; Yuldashev A.A. Sistema slovoobrazovaniya i spryajeniya glagolov v bashkirskom yaz?ke.M, 1965, str. 166.

Berdimurat, woylap *aytqi'l* so'zin'di,

Ko'terme lap uri'p tek te wo'zin'di (Berdaq).

Quli'ni'm- ay, jol degen bul qulag'i'r,

Sonli'qtan da tek aldi'n'a *qulag'i'l* (T.Sa'rsenbaev).

## I.2. BUYRI'Q MEYILDIN' ANALITIKALI'Q FORMALARI'

Buyri'q meyil formasi' feyildin' basqa formalari' si'yaqli' qosi'msha ma'ni beriwshi grammatikali'q qurallar arqali' da bildiriledi.

1) Tiykarg'i' feyil -*da, de, ta, te* ha'm *qoy, ko'r, kel, qayt*. Mi'sali':

*Aytta qoy!*

*Aytta kel!*

*Aytta qayt!*

*İsle de kel!*

*İsle de qayt!*

*Bar da kel!*

*Bar da qayt!*

Bul forma ko'binese boli'mli' feyil tu'rinde qollani'li'p, is-ha'reket procesinin' ani'q wori'nlani'wi'n talap yetedi. Soni'n' menen birge, ha'rekettin' tezleniwi, ma'ni ku'sheytiw si'yaqli' modalli'q ma'nilerdi de qosa an'latadi'.

2) Tiykarg'i' feyil -*a, -e, -y* formali' hal feyil yekinshi komponent «qoy» ko'mekshi feyili, yag'ni'y tiykar feyil -*a, -e, -y, -qoy* formasi'nda buyri'q, tejew, soraw ma'nileri bildiriledi. Mi'sali': *Ayta g'oy, bola g'oy, so'yley g'oy, ju're g'oy.* Biraq jazi'wda biz woni'n' da'slepki formasi'n orfografiyali'q normag'a say jaza beremiz.

Bul modeldin' boli'msi'z formasi'n tiykar feyilden keyin *aq* janapayi'n dizbeklestiriw arqali' beriwge boladi'. Tiykar feyil -*ma // -me, -ba// -be, -pa // -pe, -a, -e, -y, -qoy*. Mi'sali':

| BIRLIK | KO’PLIK |
| --- | --- |
| I. Aytpay-aq qoyayi’n | Aytpay-aq qoyayi’q |
| II. Aytpay-aq qoyi’n’ | Aytpay-aq qoyi’n’i’z |
| III. Aytpay-aq qoysi’n | Aytpay-aq qoysi’n |

Bunda is-ha’rekettin’ wori’nlani’wi’ tilek, wo’tinish ma’nisindegi buyri’qti’ bildiredi. Woni’ to’mendegishe keltiriwge boladi’:

a) III bet boli’mli’ formada tejew, kelisiw, jali’ni’w ma’nilerin an’latadi’. Mi’sali’:

| BIRLIK | KO’PLIK |
| --- | --- |
| I . ----- | I. Ayta qoyayi’q<br>Kele qoyayi’q<br>Woqi’y qoyayi’q |
| II. tez ayt, kel, woqi’ | II. Ayta qoyi’n’i’z, kele qoyi’n’i’z,<br>woqi’y qoyi’n’i’z |
| III. ayta qoysi’n, kele<br>qoysi’n, woqi’y qoysi’n | III. ayta qoysi’n,<br>kele qoysi’n,<br>woqi’y qoysi’n |

b) III bet boli’msi’z formasi’nda:

1) tejew, buyri’q ma’nisin beredi. Mi’sali’:

| | |
| --- | --- |
| (Sen ayt) | ketpey-aq qoysi’n<br>kelmey-aq qoysi’n<br>barmay-aq qoysi’n |

Bul mi’sallarda is-ha’reket processi u’shinshi adam ta’repinen wori’nlanadi’ yamasa wori’nlanbaydi’. So’ylewshi ti’n’lawshi’ yag’ni’y, II bet arqali’ basqa u’shinshi shaxsqa buyi’ri’w, tejew ma’nisindegi ug’i’mdi’ an’latadi’.

v) III bet boli’msi’z formali’ ha’m «*aq*» janapayi’ni’n’ dizbeklesiwi menen buyri’q meyil jasaladi’. Bunda buyri’q ma’nisinen go’re talap yetiwshilik ma’ni ku’shlirek boladi’. Mi’sali’:

*Kelmey-aq qoysi’n*

*Aytpay-aq qoysi’n*

*So’ylemey-aq qoysi’n*

3) Tiykarg’i’ feyil *-a, -e, -y, ber* formali’ buyri’q meyil.

a) II ha’m III bet buyri’q meyil formasi’nda is-ha’reket processinin’ dawam yetiw ma’nisi an’lati’ladi’. Mi’sali’:

Ayta ber! Ayta bersin

Kele ber! Kele bersin

So’yley ber! So’yley bersin

b) II ha’m III bet boli’msi’z formasi’ arqali’ is-ha’reket procesinin’ u’zil-kesil toqtati’li’wi’ talap yetiledi. Mi’sali’:

ayta berme! ayta bermesin

so’yley berme! so’yley bermesin

kele berme! kele bermesin

toqtay berme! toqtay bermesin

sala berme! sala bermesin

4) Tiykarg’i’ feyil ha’m *-a, -e, -y* sol formasi’.

a) II ha’m III bet boli’mli’ formasi’ is-ha’reket processinin’ tez waqi’t ishinde wori’nlani’wi’na talap yetiwshilik ma’nisi an’lati’ladi’. Mi’sali’:

Ayta sal! ayta salsi’n!

Bere sal! bere salsi’n!

b) II ha’m III bet boli’msi’z formasi’ arqali’ is-ha’reket processinin’ wori’nlani’wi’na qadag’an yetiw ma’nisi an’lati’ladi’. Mi’sali’:

Ayta salma! ayta salmasi’n

So’yley salma! so’yley salmasi’n

5) Tiykarg'i' feyil *-a, -e, -y* ju'r formali' buyri'q meyil is-ha'reket procesinin' dawam yetiwi, uzaq waqi't dawami'nda yadtan shi'g'armawdi' talap yetedi. Mi'sali': Ayta ju'r! Ayta ju'rsin

Soray ju'r! Soray ju'rsin

6) Tiykarg'i' feyil *-i'p // -ip, -p* ha'm *qoy* formali' buyri'q meyil.

a) II ha'm III bet boli'mli' tu'ri buyri'q, yeskertiw ma'nisin beredi. Mi'sali': ayti'p qoy! ayti'p qoysi'n

sali'p qoy! sali'p qoysi'n

berip qoy! berip qoysi'n

b) II ha'm III bet boli'msi'z formasi' is-ha'reket processinin' wori'nlani'wi'na qadag'an yetiw ma'nisin an'latadi'. Mi'sali':

ayti'p qoyma! ayti'p qoymasi'n

jep qoyma! jep qoymasi'n

sorap qoyma! sorap qoymasi'n

7) Tiykarg'i' feyil *-i'p // -ip, -p* ha'm *shi'q* formali' buyri'q meyil.

a) II ha'm III bet boli'mli' formasi'nda is-ha'rekettin' wori'nlani'wi'na wo'tinish aralas buyri'q ma'nisin bildiredi. Mi'sali':

ko'rip shi'q! ko'rip shi'qsi'n

ayti'p shi'q! ayti'p shi'qsi'n

bari'p shi'q! bari'p shi'qsi'n

b) II ha'm III bet boli'msi'z formasi'nda is-ha'rekettin' wori'nlani'wi'na keskin toqtati'w, buyri'q ma'nisin beredi. Mi'sali':

ko'rip shi'qpa! ko'rip shi'qpasi'n

ayti'p shi'qpa! ayti'p shi'qpasi'n

bari'p shi'qpa! bari'p shi'qpasi'n

8) Tiykarg'i' feyil *-i'p // -ip, -p* ha'm *qayt* formali' buyri'q meyil.

a) II bet boli'mli' formasi'nda qatan' buyri'qti' bildirse, al, III bet boli'mli' formasi'nda wo'tinish, iltimas yetiw ma'nilerin bildiredi. Mi'sali':

ayti'p qayt! ayti'p qaytsi'n

ko'rip qayt! ko'rip qaytsi'n

ju'rip qayt! ju'rip qaytsi'n

b) II bet boli'msi'z formasi'nda is-ha'rekettin' wori'nlani'wi'n buyri'q ma'nili toqtati'w, al, III bet boli'msi'z formasi'nda iltimas, wo'tinish yetiw ma'nilerin bildiredi. Mi'sali':

ayti'p qaytpa! ayti'p qaytpasi'n

ko'rip qaytpa! ko'rip qaytpasi'n

Demek, qospa yag'ni'y, analitikali'q buyri'q meyil formasi'nda is-ha'reket procesinin' wori'nlani'wi'na yamasa wori'nlanbawi'na talap ma'nisi an'lati'ladi' ha'm wog'an qosi'msha ha'r qi'yli' modalli'q ma'ni ju'kleydi.

Qaraqalpaq tilinde buyri'q ma'nisin beriwdin' basqa da formalari' bar. Modal-buyri'q janapaylari' feyillerge dizbeklesip so'zlerge ha'r qi'yli' modalli'q buyri'q ma'nilerin ju'kleydi.

1. Buyri'q meyildin' II bet tiykar formasi'na *shi', shi, o's* janapaylari' dizbeklesip qatan' buyri'qtan go're si'payi' tu'rdegi buyri'q ma'nisin an'latadi'. Mi'sali': Sol da so'z be yeken, i'ri'm- ji'ri'mi'n'di' *qoyshi'*! Si'patlap *bershi*, qa'ne? -dep moyni'n sozdi' (K.Sultanov). Ayqi'z-ay, shaynekti ali'p *kelshi*! (A.Begimov). *Tu'rgelo's*, ag'asi' (K.Sultanov).

2. Buyri'q meyildin' II bet birlik formasi'na sha'rt meyil qosi'mtasi' qosi'li'p, *son', shi', shi, a, a'* janapaylari' dizbeklesip buyri'q ma'nisin beredi. Mi'sali': Wo'ytip bulag'ay salmay-aq jo'n so'zdi *aytsan'a* (A.Begimov). Ne su'rgin *desen'shi* usi' ju'risin' (İ.Yusupov). Wo'zin' arqayi'n shay *ishsen'a'* (T.Qalmuratov). Ha'y, sen *oti'rsan'a* ye'pelekley bermey (K.Allambergenov).

Sonday-aq, buyri'q meyil ma'nisin ani'qli'q ha'm sha'rt meyiller, tiyis, kerek, lazi'm, da'rkar si'yaqli' so'zlerdin' dizbekl esiwi menen bildiriledi.

1. Ani'qli'q meyil formasi' kontekstte buyri'q ma'nisin beredi. Mi'sali': 1. Qa'ne, aydan'lar, jawdi'n' aldi'n keseleymiz. Gu'zden keshiksek kete *berersiz*

(T.Qayi'pbergenov). -Xanni'n' tuwi' - xanni'n' gellesi, *ji'g'i'lmaydi'!* (T.Qayi'pbergenov).

2. Sha'rt meyil formasi' ani'q buyri'q ma'nisin bermese de, sitiuaciyag'a baylani'sli' buyri'q ma'ni an'lati'ladi'. Mi'sali': 1. *Ko'rsetemiz*, -dep Sedet kerey woni' xoshlaydi'.

2. Jetersen' muratqa xi'zmetler *yetsen'*.

Elati'n' siltese, g'ayri' elge *ketsen'* (Berdaq).

3. Feyillerge kerek, lazi'm, da'rkar ha'm t.b. so'zlerdin' dizbeklesiwi menen buyri'q ma'nisi bildiriledi. Mi'sali': 1. Sen tezirek jetip *bari'wi'n' kerek* (S.Xojaniyazov). 2. Jollari'n'i'z aydi'n, maqsetlerin'iz wori'nli', tileklerin'iz birdey *boli'wi' da'rkar* (J.Ayi'mbetov).

## I.3. BUYRI'Q MEYILDIN' MA'NILERI HA'M WONI'N' STILLIK WO'ZGESHELIKLERI

Buyri'q meyil ma'nisine qaray tu'rlishe boli'p keledi. Woni'n' ma'nilerin dara turg'anda bo'liwge bolmaydi'. Dara turg'anda buyri'q meyillerdin' formalari'ni'n' barli'g'i' da woni'n' buyri'q ma'nisin bildirip keledi. Al wolardi'n' ma'nisin kontekst ishinde ayti'li'w intonaciyasi'na qaray biliwge boladi'.

1. II bet tiykar formasi'nda buyri'q meyiller buyri'q tapsi'rma talap yetiw ma'nisin bildiredi. II bet tiykar formali' buyri'q meyiller ko'rkem a'debiy ha'm awi'zeki so'ylew stiline ta'n boladi'. Mi'sali':

1. -*Bostan*! -dep baqi'rdi' (A'.Atajanov).

2. Qa'ne, wo'rgen jerin'di wo'zin' *buz* (S.Xojanov).

3. A'y Madamin, *tu'rgel*, atti' qosatug'i'n waqi't boldi' (A.Bekbergenov).

2. Buyri'q meyildin' *-si'n, -sin* formasi' is qag'azlari' stilinde, kanceliyarizmlerde ha'r qanday qarar, buyri'q, su'ren shaqi'ri'qlardi' bildiredi:

*si'yli'qlansi'n, bekitilsin, tapsi'ri'lsi'n, maqullansi'n, ko'rip shi'g'i'lsi'n, tasti'yi'qlansi'n* ha'm t.b. Mi'sali':

1. Usi' ji'ldi'n' 1-sentyabrinen baslap Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' aymag'i'nda xi'zmet haqi'ni'n' yen' az mug'dari' ayi'na 1500 somnan dep *belgilensin* («Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasi').

2. Joqari'da ko'rsetilgen tovarlardi' kommerciyali'q du'kanlar tarawi'nda sati'wg'a *sali'nsi'n* («Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi').

3. *-si'n, -sin* formali' buyri'q meyil tilde belgili bir turaqli' so'z dizbekleri qurami'nda kelip g'arg'i's ha'm alg'i's ma'nilerin de bildiredi. Mi'sali': 1. Parani' shi'g'arg'anlarg'a, wolardi' alg'anlarg'a mi'n'-mi'n' *na'letler jawsi'n.*

2. Awa, qosshi'm, *qarasi' batsi'n* (G.Tursi'nova).

3. Baxti'n'di' *alla ashsi'n,* qi'zi'm (G.Esemuratova).

a) *-si'n, -sin* boli'msi'z formasi'nda qollani'li'p qadag'an yetiwdi bildiredi. Bug'an mi'sal retinde ja'miyetlik wori'nlarda, avtobuslardag'i' ha'm t.b. jazi'wlardi' ayti'p wo'tsek boladi'. Mi'sali': *Temeki shegilmesin, shi'g'i'ndi'lar taslanbasi'n, nasi'bay ati'lmasi'n* ha'm t.b.

Al ko'rkem a'debiy shi'g'armalarda da *-si'n, -sin* boli'msi'z formasi' qadag'an yetiw ma'nisin bildiredi. Mi'sali': *İshpesin-jemesin,* - demeymiz. -Yaq ha'zir wol *ketpesin* (G.Tursi'nov).

b) *-si'n, -sin* formasi' su'ren, shaqi'ri'q ma'nisin bildiredi. Bunday jag'dayda wol ko'binese ko'rkem a'debiy stilge, publicistikali'q ha'm awi'zeki stilge ta'n boladi'. Mi'sali': 1. *Jasasi'n* bizin' ko'p milletli Watani'mi'z xali'qlari'ni'n' aji'ralmas tuwi'sqanli'q dosli'g'i'! («Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi'). 2. Barli'q wo'ndiris qurallari' xali'qqa berilsin!

4. II bet buyri'q meyilleri ta'selle beriw, ku'sh ko'rsetiw, jali'ni'w ha'm t.b. modalli'q ma'nislerdi bildiredi. Mi'sali':

1. Uwayi'mdi' *qoy* g'arri' (A'.Atajanov). 2. Bir mu'she menen quti'lg'ani'n'a shu'kirlik yete ber! (K.Sultanov). 3. A'y, atan'a na'let, qa'ne qi'zi'n'di' irkip ko'r

(G.Yesemuratova). 4. Way-way wo'ldim, alqi'mi'mdi' jiberego'r, sizlerge men ne ja'birlik yettim, jan ag'a, *jiber* meni! (A.Bekimbetov).

5. *-si'n, -sin* formasi' boli'msi'z ko'rsetkishli ha'm *ma, me, ba, be, pa, pe* soraw janapaylari' menen qollani'li'p, ha'reketti ku'sheytip, wog'an modalli'q-ekspressilik ma'ni ju'kleydi. Bunday buyri'q meyiller ma'ha'lge qatnasi' jag'i'nan wo'tken ma'ha'l formasi'nda turadi'. Mi'sali': *Baqi'rmasi'n ba? barmasi'n ba? ko'rmesin be?* ha'm t.b. Bul mi'sallardag'i' *baqi'rmasi'n ba? barmasi'n ba? ko'rmesin be?* buyri'q meyil *baqi'rdi', ko'rdi, bardi'* si'yaqli' ma'nislerde ani'qli'q meyil ma'nisinde de qollani'ladi'.

6. Modal-buyri'q janapaylari' buyri'q meyil, sha'rt meyil formalari'na dizbeklesip ha'r qi'yli' modalli'q ma'nilerdi bildiredi. Bul forma ko'binese awi'zeki stilge ta'n boladi'. Mi'sali':

1. Aq basli' yedim jipek jani'mdi' *aytsan'shi'*! (O'.Xojaniyazov).

2. Sizler *ayti'n'i'zshi'*! (O'.Ayjanov).

3. Qa'ne fermani'n' awhali'n *ko'reyinshi*! (K.S.).

4. Ja'miyla, sen ala *qoysan'-o*! (K.S.).

7. II bet *-i'n', -in', -n'* birlik ha'm *-i'n'i'z, -in'iz, -n'i'z, -n'iz* ko'plik formasi' so'ylewshinin' ti'n'lawshi'g'a si'payi', hu'rmet, izzet ma'nisindegi qatnasti' bildiredi. Bul ko'binese a'debiy stilge ta'n. Mi'sali':

1. Qa'ne a'ywang'a *kirin'* (A.Bekbergenov).

2. Shay *ishsen'iz* qosqa *bari'n'* yashulli' (K.Sultanov).

-Siz *ja'rdem berin'* (K.S.).

Juwmaqlap aytatug'i'n bolsaq, buyri'q meyiller joqari'da ko'rip wo'tken ma'nilerden de basqa modalli'q-ekspressivlik ma'nilerdi bildiredi. Al stillerde qollani'li'wi'na kelsek buyri'q meyil ko'pshilik jag'dayda awi'zeki ha'm jazba a'debiy stilge g'ana tiyisli boli'p, ayi'ri'm jag'daylarda publicistikali'q ha'm ra'smiy is-qag'azlari' stilinde de qollani'ladi'.

Biz joqari’da buyri’q meyillerdidi tek morfologiyali’q ha’m stilistikali’q ta’repinen ko’rip shi’qti’q. Soni’n’ menen birge wolar fonetikali’q, sintaksislik, punktuaciyali’q wo’zgesheliklerine de iye.

### 1. Fonetikali’q o’zgeshelikleri

Buyri’q meyil II bet tiykar yamasa do’rendi tiykar formasi’nda kelgende, wolardag’i’ pa’t beriwshi buwi’ng’a tu’sedi. Mi’sali’: isle, woqi’, ko’rin’, berin’ ha’m t.b.

Yeger de buyri’q meyillerge qosi’mtalar qosi’lsa pa’t tiykar feyildin’ son’g’i’ sesine tu’sedi. Mi’sali’: *baslan’i’z, keteyik, oqi’n’i’z, so’ylen’iz* ha’m t.b. Sonday-aq, *ma, me, pa, pe, ba, be* boli’msi’z formali’ buyri’q meyillerde pa’t boli’msi’z formag’a tu’sedi. Mi’sali’: *berme, ko’rme, aytpa* ha’m t.b.

Ayi’ri’m jag’daylarda *shi’q, tep, sep, jap* ha’m t.b. II bet buyri’q meyillerine II bet ko’pliginin’ dawi’sli’dan baslang’an qosi’mtasi’ qosi’lsa tiykar feyil son’i’ndag’i’ *q, p* u’nsiz dawi’ssi’zlari’ u’nli g’, *b* dawi’ssi’zlari’na aylanadi’ ha’m jazi’wda *g’, b* dawi’ssi’zlari’ saqlani’p jazi’ladi’. Mi’sali’:

shi’q - shi’g’i’n’i’z;

sep - sebin’iz;

jap - jabi’n’i’z.

Sonday-aq, buyri’q meyildin’ tiykar *-a, -e, -y, -qoy* formali’ analitikali’q formasi’nda tiykardi’n’ son’i’ndag’i’ *-a, -e, -y* seslerinin’ *qoy* so’zinin’ da’slepki *q* sesi *g’* sesine aynali’p ayti’ladi’ ha’m yesitiledi. Mi’sali’:

ayta qoy - ayta g’oy;

ju’re qoy - ju’reg’oy;

so’yley qoy - so’yleyg’oy.

Biraqta biz orfografiyali’q normalarg’a say da’slepki *q* sesi menen jazami’z.

**2. Sintaksislik wo’zsheshelig i.**

Buyri’q meyil ga’pte ma’nisi boyi’nsha buyri’q ha’m u’ndew ga’pler boli’p keledi. Mi’sali’:

1. Qa’ne joldan *shi’g’i’n’*! (T.Q.).

2. Sag’an tiyip *ko’rsin*! (Q.Dosanov).

3. *Jasasi’n* ko’p milletli g’a’rezsiz Wo’zbekstan! («Yerkin Qaraqalpaqstan» gazetasi’).

Ga’p ag’zalari’na qatnasi’ boyi’nsha ga’pte ko’binese bayanlawi’sh ag’za xi’zmetin atqari’p keledi.

# II BAP. TILEK MEYIL

Tilek meyil is - ha'rekettin' isleniwine so'ylewshinin' tilek- niyetin, intasi'n, a'rman yetiwin, wo'tinish, sorani'w ha'm t.b. subektivlik qatnasi'n bildiredi. Tilek meyil ma'nisindegi feyiller yele islenbegen, biraq isleniwi tiyis bolg'an is- ha'reketti an'latadi'. Sonli'qtan so'ylewshi is- ha'rekettin' isleniwi, wori'nlani'wi' ushi'n basqa birewden wo'tinedi, tilek yetedi yamasa wo'zinin' uli'wmali'q tilegin bildiredi: *alayi'n, ko'mekleseyin, keteyin, barayi'n, barg'ay, kelgey, barg'ay, kelgey, barg'ayman, wo'tkeymen, alg'i'm keledi, aytqi'm keledi* t.b. Mi'sali': Ja'niwardi' nede bolsa awi'lg'a *minip keteyin*. Men de *ko'mekleseyin*. Yendigiden bi'lay tu'simde de, won'i'mda da sizlerdi *ko'rmegeymen* (X.Seytov).

Tilek meyil sintetikali'q ha'm analitikali'q usi'llar arqali' jasaladi'. 1) Sintetikali'q formadag'i' tilek meyildin' morfologiyali'q ko'rsetkishi – *ayi'n / -eyin, g'ay/- gey, (-qay/- key)* affiksleri:

a) tilek meyildin' – *ayi'n/- eyin* formasi' tek I' bet, birlik sanda g'ana tilek meyil ma'nisin bildiredi. Woni'n' – ayi'q/- eyik ko'plik formasi' tilek ma'nisinen uzaqlasi'p, ko'binese buyri'q, shaqi'ri'q ma'nilerin beredi. ( Bul tuwrali' buyri'q meyilge qaran').

Tilek meyildin' meyildin' - *(a) yi'n/ - yin* affiksi aqi'ri' dawi'ssi'z seske pitken tu'birden keyin *-ayi'n/- eyin,* al aqi'ri' dawi'sli'g'a pitken tu'bir so'zden keyin *-yi'n/ -yin* formalari' jalg'anadi': ala + yi'n, ber + eyin, jaz + ayi'n, ko'r + eyin, woqi' + yi'n, basla + yi'n, isle + yin t.b. Mi'sali':

Uyqi'la balam, uyqi'lay g'oy,
Mayli' sho'rek *bereyin,*

Jigit boli'p yer jetip,
Ju'rgenin'di *ko'reyin.*

(S.Qapaev).

b) Tilek meyildin' *-g'ay / -gey* formasi' tu'bir ha'm do'rendi feyillerge jalg'ani'p, u'shinshi bettegi tilek meyildin' jasali'wi'na tiykar boladi': *kelgey,*

*wo'tkey, sawalg'ay, kepkey, qurg'ag'ay, saw bolg'ay, ko'p bolg'ay, aman bolg'ay* t.b.

Tilek meyildin' *-g'ay / -gey* formasi' I-II betlerde betlik ha'm ko'plik affiksleri menen wo'zgeredi. U'shinshi bette bolsa, wo'zinin' da'slepki formasi'nan wo'zgermeydi.

Tilek meyildin' *-g'ay/ -gey* formalari' ga'pte, tiykari'nan, bayanlawi'sh formasi'nda keledi ha'm ma'nilik jaqtan, ko'binese tilek etiw, jali'ni'w, jalbari'ni'w ma'nilerindegi tilekti bildiredi: İlahim,… jawi'n'di' jen'ip, aq ju'zli abi'royli' boli'p *kelgeysen'*! İlayi'm, woni'n' wo'mir jasi' uzaq boli'p, sepken tuqi'mlari' aspandag'i' juldi'zlarday yesap - sansi'z *bolg'ay*, degen tilek penen uyqi'lap ketippen (Sh.Aytmatov).

2) Analitikali'q formadag'i' tilek meyiller to'mendegishe jasaladi': a) tarti'm affiksli *-g'i' / -gi, -qi' / -ki* formali' ha'reket ati' feyili menen *kel* ko'mekshi feyilinin' qosi'li'wi' arqali' jasaladi': *aytqi'm keledi, barg'i'm keledi, alg'i'm keledi, aytqi'n'i'z keledi, alg'i'si' keledi, ko'rgin' keledi, ko'rgisi keledi, woqi'g'i'mi'z keledi* t.b.

Tilek meyildin' bul formasi' u'sh bette, birlik ha'm ko'plik sanlarda tarti'mlanadi', woni'n' neshinshi bete yekenligi tarti'm affiksi arqali' bildiriledi. Tarti'm affiksi barli'q waqi'tta da'slepki komponentke jalg'anadi'. Mi'sali': alg'i'm keledi, alg'i'n' keledi, alg'i'si' keledi, alg'i'mi'z keledi, alg'i'n'i'z keledi, alg'i'si' keledi t.b.

b) *-sa / -se* formali' sha'rt meyil menen *yedi, yeken* toli'qsi'z feyillerinin' qosi'li'wi' arqali' da jasaladi'. Bul analitikali'q formadag'i' tilek meyiller de u'sh bete, birlik ha'm ko'plik sanlarda tu'rlenedi. Al, boli'msi'zli'q affiksleri *-sa / -se yedi, yeken* formali' tilek meyildin' birinshi komponentine qosi'ladi': *barmasam yedi, barmasan' yeken, barmasa yeken, barmasaq yedi, barmasan'i'zlar yeken, barmasa yedi* t.b. (bular haqqi'nda wo'z aldi'na bo'limde ken'irek so'z yetemiz).

Tilek meyil joqari’da ko’rsetilgen jasali’w usi’llari’nan basqa to’mendegi formalar arqali’ da bildiriledi:

1) tilek meyili *-ar / -er, -r* formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyiline tarti’mni’n’ I bet formasi’ndag’i’ yedim toli’qsi’z feyilinin’ qosi’li’wi’ arqali’ da jasaladi’: *ku’ter yedim, izler yedim, isler yedim, barar yedim* t.b. Mi’sali’: Yedige menen Alpami’s, tirilse men *izler yedim* (Berdaq).

2)Tilek meyil ma’nisi buyri’q meyildin’ III bet formasi’ arqali’ da bildiriledi. Bunday jag’dayda *-si’n / -sin* formali’ buyri’q meyil dara so’z formasi’nda yemes, turaqli’ dizbek yamasa ga’p konstrukciyasi’ formasi’nda qollani’ladi’.Yag’ni’y woni’n’ tilek ma’nisi konteksten, yaki situaciyadan ma’lim boladi’:

Abadan, paraxat, shadli’ turmi’s ushi’n,
Jaynag’an, jasnag’an baxti’mi’z ushi’n,
Quyashi’n’ ba’rhama *jadi’rap tursi’n.*
(T.Seytjanov).

Mali’n’i’z *ko’p bolsi’n,* jawi’n’i’z *joq bolsi’n.*İlayi’m, wol qi’z baxi’tli’ *bolsi’n, baxti’n’ ashi’lsi’n, basi’n’nan baxi’t ketpesin* (S.Qapaev).

Arg’i’mag’i’n’ *hari’masi’n,*
Bilegin’ qi’zi’m *talmasi’n,*
Jaw wo’z basi’n *jalmasi’n,*
Haram woyi’ *bolmasi’n.*
(S.Qapaev).

Tilek meyil ma’nisi buyri’q meyildin’ II bet si’payi’ formasi’na qatnasli’ da bildiriledi. Bunday jag’dayda buyri’q meyil dara formasi’nda yemes, turaqli’ dizbek formasi’nda keledi: Saw boli’n’, ko’p jasay berin’, Jumagu’l apa (Q.Erniyazov). «Ba’reka’lla, ba’reka’lla, balam, *ko’z - tilden saqlasi’n,* u’p- u’lken jigit boli’psan’. Bati’ray paqi’rdi’n’ *topi’rag’i’ torqa bolsi’n, wo’mirin’ uzaq bolsi’n,*– dep basi’mnan si’ypaytug’i’n yedi, u’yge kelgen adamlar (S.Qapaev).

Soni’n’ menen birge tilek meyil formasi’ndag’i’ feyiller so’ylewshinin’ belgili bir tilegin, kelisimin, a’rmani’n, wo’tinishin bildiredi. Bul formadag’i’ feyiller ani’q bolg’an ha’reketti yemes, al yendi wori’nlani’wi’ mu’mkin bolg’an tilekti, wo’tinishti an’latadi’. Sonli’qtan da tilek meyil tek keler ma’ha’l formasi’nda keledi. Mi’sali’: *ko’rgey, aytqay, ko’rgeymen, kelgeysen’, aytqaysan’* ha’m t.b.

1. Men i’rzaman uli’m bergen su’time,

Aman bari’p *saw kelgeysen’* perzentim (Xali’q qosi’g’i’).

2. Ba’ri de woti’ri’p bolg’annan keyin «ba’le ma’ter, qa’wip-qa’ter *joq bolg’ay,* «a’wmiyin» desip qol jayi’p, bet si’ypasti’ (A’.Ta’jimuratov). 3. Bir-yeki ku’nnen beri na’r tatpadi’m, jen’ge, tisime sazli’q yeteyin jarti’ pa’tir bersen’ o, jen’ge, ila’him *qosi’lg’ani’n’ menen qosa ag’ari’p ko’gergeysiz (K.*Sultanov).

Tilek meyildin’ betleniw paradigmasi’ to’mendegishe boladi’.

## BOLI’MLI’ FORMASI’

| BIRLIK | KO’PLIK |
| --- | --- |
| I. barg’ayman | I. barg’aymi’z |
| II. barg’aysan’, | II. barg’aysan’lar, |
| barg’aysi’z | barg’aysi’zlar |
| III. barg’ay | III. barg’ay |

Boli’mli’ formasi’nda ori’nlani’wi’ tiyis bolg’an tilekti, wo’tinishti bildirse, al boli’msi’z formasi’nda wori’nlani’wi’ tiyis bolmag’an tilek, wo’tinishti bildiredi.

## BOLI’MSI’Z FORMASI’

| BIRLIK | KO’PLIK |
| --- | --- |
| I. barmag’ayman | I. barmag’aymi’z |

| | |
|---|---|
| II. barmag’aysan’, | II. barmag’aysi’z (lar) |
| barmag’aysi’z | barmag’aysan’ (lar) |
| III. barmag’ay | III. barmag’ay |

Sonday-aq, qaraqalpaq tilinde tilek meyildin’ wo’tken ma’ha’l ma’nisin beriwi de mu’mkin. Bunday jag’dayda wol tilek meyildin’ *-ayi’n, -eyin* formasi’na *dep edi* so’z dizbeginin’ dizbeklesiwi arqali’ bildiriledi ha’m boli’mli’ ha’m boli’msi’z formalarda qollani’la beredi.

**BOLI’MLI’ FORMASI’**

| BIRLIK | KO’PLIK |
|---|---|
| I. barayi’n dep yedim | I. barmayi’n dep yedik |
| II. barayi’n dep yedin’ | II. barmayi’n dep yedin’iz |
| III. barayi’n dep yedi | III. barayi’n dep yedi |

**BOLI’MSI’Z FORMASI’**

| BIRLIK | KO’PLIK |
|---|---|
| I. barmayi’n dep yedim | I. barmayi’n dep yedik |
| II. barmayi’n dep yedin’ | II. barmayi’n dep yedin’iz |
| III. barmayi’n dep yedi | III. barayi’n dep yedi |

Bul betleniw paradigmasi’nan ko’rgenimizdey tilek meyildin’ wo’tken ma’ha’l ma’nisin *dep yedi* dizbegi arqali’ bildiriledi.

Tilek meyil arnawli’ qosi’mtalar ha’m analitikali’q usi’llar arqali’ jasaladi’.

## II.1. TILEK MEYIL FORMALARI’

Tilek meyil formalari’ so’ylewshinin’ obektiv haqi’yqatli’qqa subektivlik qatnasi’ tilek, wo’tinish, g’arg’i’s ma’nili tileklerin bildiredi. Tilek meyildin’ to’mendegidey tu’rleri bar:

*-g’ay, -gey, -qay, -key* formasi’ bul forma u’sh bette, boli’mli’ ha’m boli’msi’z tu’rde birlik ha’m ko’plik sanlarda betlenedi.

N.A.Baskakovti’n’ ko’rsetiwinshe *-g’ay, -gey* formasi’ tildin’ rawajlani’w bari’si’nda *-ay, -ey, -y* formalari’na *g’, g, q, k* seslerinin’ qosi’li’wi’ menen jasalg’an.[1] Mi’sali’:

| BIRLIK | KO’PLIK |
|---|---|
| I. alg’ayman | alg’aymi’z |
| II. ko’rgeysen’ | ko’rgeymiz |
| III. bilgey | bilgey |

1. *Qi’zartpag’ay* xalqi’n’ senin’ ju’zin’di (Berdaq)

2. Bul basi’ma saya salg’ay bir allam,

İsimde *bolmag’ay* hesh waqi’t shalam (Qi’ri’q qi’z).

3. Bunnan bi’lay uri’sti’ ko’rmegeymiz.

*-g’ay, -gey, -qay, -key* qosi’mtali’ tilek formalari’ geyde, da, de ku’sheytiw janapaylari’ menen qollani’lg’anda tilek ma’nisi bir qansha ku’sheytirilip wog’an modalli’q-eksperssivlik ma’ni ju’klep ko’rsetiledi. Mi’sali’: 1. İmtixanlardi’ jaqsi’ bahalawg’a tapsi’rg’ayman da? 2. Gu’layda jen’gey, tezirek *ketkey da’* dep woti’radi’ (A’.Ta’jimuratov).

Sonday-aq, qaraqalpaq tilinde *-g’ay, -gey* formali’ tilek meyil substantivlesip atli’q boli’p ta qollani’ladi’. Mi’sali’: *Woramasam wo’lgeymen* (Woramaldi’n’ bir tu’ri).

---

[1] Baskakov N.A. Karakalpakskiy yaz?k. ch. II. Moskva, 1952, S.447.

Tilek meyildin’ *-g’ay, -gey, -qay, -key* formasi’ boli’mli’ ha’m boli’msi’z formalarda u’sh bette birlik ha’m ko’plik sanlarda betlenedi. Boli’mli’ formasi’nda so’ylewshinin’ yendi bolatug’i’n, is-ha’rekettin’ wori’nlani’wi’na, iske asi’wi’na tilek wo’tinishin bildiredi.

**BOLI’MLI’ FORMA**

| BIRLIK | KO’PLIK |
|---|---|
| I. barg’ayman | barg’aymi’z |
| II. barg’aysan’, barg’aysi’z | barg’aysi’z |
| III. barg’ay | barg’ay |

Boli’msi’z formasi’nda is-ha’rekettin’ iske aspawi’na, wori’nlanbawi’na so’ylewshinin’ ha’r qi’yli’ tileklerin bildiredi.

**BOLI’MSI’Z FORMA**

| BIRLIK | KO’PLIK |
|---|---|
| I. barmag’ayman | barmag’aymi’z |
| II. barmag’aysan’ | barmag’aysi’z (lar) |
| III. barmag’ay | barmag’ay |

Bul formali’ tilek meyil tuwrali’ ilimpazlardi’n’ arasi’nda ha’r qi’yli’ pikirler bar. Ma’selen, K.M.Musaev *-ayi’n, -eyin* formasi’n buyri’q meyil formasi’ dep ko’rsetedi.[1] Al, N.A.Baskakov, N.K.Dmitriev, A.N.Kononovlar bul formani’ tilek meyil formasi’ dep ko’rsetedi.[2]

[1] Musaev K.M. Grammatika karaimskogo yazʔka (morfologiya). Moskva, 1964, –S.267.
[2] Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazʔk. Ch.2, Moskva. 1952, –S.48
Dmitriev N.K. Grammatika bashkirskogo yazʔka. M.L. –S.174
Kononov A.N. Grammatika sovremennogo literaturnogo yazʔka. M.,L. 1960, –S.234

Haqi’yqati’nda da, *-ayi’n, -eyin* formasi’n tilek meyildin’ formasi’ dep ataw maqsetke muwapi’q boladi’. Sebebi *-ayi’n, -eyin* formasi’ so’ylewshinin’ real haqi’yqatli’q bolg’an subektivlik qatnaslari’n, tilek-wo’tinishin bildiredi. Bul forma arqali’ so’ylewshi wo’zinen-wo’zi buyri’q ma’nisin bermeydi, al wo’zine tilek, wo’tinish, mu’rajat si’yaqli’ tileklerdi bildiriw ushi’n qollani’ladi’. Mi’sali’: 1. Ku’ni-tu’ni jaw jag’adan ali’p tur, ta’wekel bari’p *qaytayi’n*! (K.Sultanov).

1. Qawi’nni’n’ sari’si’n u’zip *bereyin,*

Ayag’i’mdi’ jaman qosqa *tireyin,*

Bul sapari’ taslap ketin’ *jani’mdi’,*

Si’yi’ri’mnan wolla zi’yat *ko’reyin* (Xali’q shayi’rlari’)

3. *-g’i’r, -gir* formasi’. Bul formani’ qaraqalpaq tilinde buyri’q meyil formasi’ dep ataydi’. Biraq bul forma buyri’q ma’nisin bermey, al ku’shli emocionalli’q ma’nige iye bolg’an keyiw, g’arg’aw, baxi’t tilew, tilek ma’nilerin beriwshi tilek meyil jasaydi’. Bul forma dara ha’m qospa feyillerden ha’m de turaqli’ so’z dizbeklerinen jasaladi’. Mi’sali’: *bereket tapqi’r, da’rt ko’rmegir, qarabasqi’r, qi’ri’lg’i’r, won’bag’i’r* ha’m t.b. 1. -Qoli’n’ *si’ng’i’r,* toqta u’yinin’ wayrani’ *shi’qqi’r* (A.Bekimbetov). 2. Na’let *jawg’i’r* ja’llat! (A.Bekimbetov).

*-g’i’r, -gir, -qi’r, -kir* formasi’ boli’mli’ formasi’nda qollani’lg’anda alg’i’s ma’nisin bildirse, al boli’msi’z formasi’nda g’arg’i’s, keyiw si’yaqli’ ma’nilerdi bildiredi. Mi’sali’: *bereket tapqi’r - bereket tappag’i’r, wo’nip-wo’skir - wo’nip wo’spegir* ha’m t.b.

Sonday-aq, buyri’q meyildin’ *-si’n, -sin* qosi’mtasi’ tilek meyildin’ *-g’i’r, -gir, -qi’r, -kir* formasi’ menen sinonim formalar boli’p ta qollani’ladi’. Bul jag’dayda buyri’q meyildin’ *-si’n, -sin* formasi’, g’arg’i’s ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: bereket tapqi’r - bereket tapsi’n, da’rt ko’rmegir - da’rt ko’rmesin, na’let jawg’i’r - na’let jawsi’n.

## II.2. TILEK MEYILDIN’ ANALITIKALI’Q FORMALARI’

Tilek meyildin’ analitikali’q usi’l menen beriliwi to’mendegishe boladi’:

1. *-g’i’, -gi, -qi’, -ki* formali’ tilek meyil to’mendegishe qollani’ladi’: *-g’i’, -gi, -qi’, -ki* tarti’m jalg’awi’n - *kel* ko’mekshi feyil menen dizbeklesip tilek meyildi bildiredi. Bul forma tilek meyilde u’sh bette birlik ha’m ko’plik sanlarda keler ma’ha’l ha’m wo’tken ma’ha’l formasi’nda qollani’ladi’.

BIRLIK

| Keler ma’ha’l | Wo’tken ma’ha’l |
|---|---|
| I. aytqi’m keledi | aytqi’m keldi |
| II. aytqi’n’ keledi | aytqi’n’ keldi |
| III. aytqi’si’ keledi | aytqi’si’ keldi |

KO’PLIK

| Keler ma’ha’l | Wo’tken ma’ha’l |
|---|---|
| I. aytqi’mi’z keledi | aytqi’mi’z keldi |
| II. aytqi’n’i’z keledi | aytqi’n’i’z keldi |
| III. aytqi’si’ keledi | aytqi’si’ keldi |

2. *-g’i’, -gi, -qi’, -ki* tarti’m jalg’awi’ - *kel, woti’r, tur, ju’r* ko’mekshi feyillerdin’ dizbeklesiwi menen tilek meyil bildiriledi. Bul forma da u’sh bette, birlik ha’m ko’plik sanlarda keler ma’ha’l formasi’nda qollani’ladi’.

**Boli’mli’ formasi’**

**BIRLIK**

I. qaytqi’m kelip tur

ko’rgim kelip ju’r

aytqi’m kelip woti’r.

II. qaytqi’n’ kelip tur

ko’rgin’ kelip ju’r

aytqi’n’ kelip woti’r.

III.qaytqi’si’ kelip tur

ko’rgisi kelip ju’r

aytqi’si’ kelip woti’r.

**KO’PLIK**

I. qaytqi’n’i’z kelip tur

ko’rgimiz kelip ju’r

aytqi’mi’z kelip woti’r.

II. qaytqi’n’i’z kelip tur

ko’rgin’iz kelip ju’r

aytqi’n’i’z kelip woti’r.

III.qaytqi’si’ kelip tur

ko’rgisi kelip ju’r

aytqi’si’ kelip woti’r.

**BIRLIK**

I. qaytqi’m kelmey tur

ko’rgim kelmey ju’r

aytqi’m kelmey woti’r.

II. qaytqi’n’ kelmey tur

ko’rgin’ kelmey ju’r

aytqi’n’ kelmey woti’r.

III.qaytqi’si’ kelmey tur

ko’rgisi kelmey ju’r

aytqi’si’ kelmey woti’r.

**KO’PLIK**

I. qaytqi’n’i’z kelmey tur

ko’rgimiz kelmey ju’r

aytqi’mi’z kelmey woti’r.

II. qaytqi’n’i’z kelmey tur

ko’rgin’iz kelmey ju’r

aytqi’n’i’z kelmey woti’r.

III.qaytqi’si’ kelmey tur

ko’rgisi kelmey ju’r

aytqi’si’ kelmey woti’r.

2. *Bol, yedi,* ko’mekshi feyillerinin’ sha’rt meyil formali’ feyilge dizbeklesip qa’wipsiniw, gu’man ma’nisindegi tilek meyildi bildiredi. Mi’sali’: 1. Basta usi’ ga’pti shi’g’arg’an wo’sekshilerdin’ *tilin keserme yedin’!* (K.Ma’mbetov). 2. Ma’deniy shertekte ku’tilmegende qonaq keledi dep hesh kim *woylamag’an bolsa yedi* (T.Qayi’pbergenov). 3. U’yge bu’gin yerte *qayta alsaq bolar yedi* (A.A’liev).

3. Qa’ne, qa’nekey *-sa, -se* formali’ sha’rt meyiller tilek meyil ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: 1. *Qa’ne,* ko’tere almay *ti’rbayaqlasam.* Yeki-u’sh ku’nge napaqa bolar yedi (T.Qayi’pbergenov). 2. Qa’nekey, men birden u’lkeyip *ketsem yeken!* (E.O’tepbergenov).

## II.3. TILEK MEYILDIN’ MA’NISI HA’M STILLIK WO’ZGESHELIKLERI

Tilekti bildirip keletug’i’n feyil so’zlerdi ali’p qarag’ani’mi’zda yeki tu’rli modalli’q-eksperssivlik ma’ni an’lati’li’p keletug’i’n tileklerdi ko’riwimizge boladi’.

I. Unamli’ tilek

II. Unamsi’z tilek

*-g’ay, -gey, -qay, -key* formali’ tilek meyilin ma’nisi jag’i’nan unamli’ ha’m unamsi’z tilek dep yekige bo’liwge boladi’. Wo’ytkeni, konteksttegi ma’nisin ali’p qarag’ani’mi’zda, birewleri modalli’q jaqtan ha’r qi’yli’ jaqsi’, unamli’ tileklerdin’ *(wo’nip wo’skeysen’, baxi’tli’ bolg’aysan’)* bar yekenligin ko’remiz. Mi’sali’: 1. -*Bereket tapqaysan’*, inim! (K.Sultanov). 2. Qudayi’m *baxi’tlari’n’i’z jatpag’ay.* Bala-shag’alari’n’i’zdi’n’ *ra’tlerin ko’rgeysizler* (T.Qayi’pbergenov). -Al, apa, xosh. *Aman woti’rg’aysi’*z (T.Qayi’pbergenov). 4. *Qosa qari’g’aysi’z, wo’nip wo’skeysiz* jan’a turmi’s pali’n *birge shekkeysiz,* qayda bolsan’i’z da *bolg’aysi’z aman* (İ.Yusupov).

Unamsi’z tilek bir na’rsege ku’yingende, bir waqi’yag’a qapa bolg’anda, bir waqi’yadan qatti’ tu’n’iliwden kelip shi’g’atug’i’n ekspressivlik-emocionalli’q ma’nilerdi bildiredi. Ma’selen, *wo’spegeysen’, jetpegeysen’, u’zilgey* ha’m t.b. bir qansha mi’sallar keltiriwge boladi’. Ko’binese unamsi’z tilek frazeologiyali’q so’z dizbeklerinde keledi. Mi’sali’: *Qara qaptal bolg’aysan’, ju’wernemegin’nen qaytqaysan’, ko’zin’e qum quyi’lg’ay, shan’arag’i’n’ wortan’a tu’skey* usag’an unamsi’z tilekler awi’zeki so’ylew stilinde turmi’sta ko’p ushi’rasadi’.

Sonday-aq, *-g’ay, -gey, -qay, -key* si’yaqli’ *-g’i’r, -gir, -qi’r, -kir* formasi’ da unamli’ ha’m unamsi’z tileklerdi bildiredi. Mi’sali’: *Tuqi’mi’n’ jayi’lmag’i’r, jetpegir, qum qapqi’r, qaraqani’n’ bolg’i’r, bereket tapqi’r, da’rt ko’rmegir* ha’m t.b. *Tileymen* so’zi arqali’ da unamli’ tilekler bildiriledi. Mi’sali’: 1. İslerin’izde *tabi’slar* tileymen! (Q.Qayi’pnazarov). 2. *Baxi’t tileymen, den sawli’q tileymen.*

Buyri’q meyildin’ *-si’n, -sin* formasi’ arqali’ da unamli’ pikirler bildiriledi. Mi’sali’:

1. Qol baylawli’ ati’n’a teris minipsen’,

*Qutli’ bolsi’n* qi’zdan alg’an sarpayi’n’ (Qi’ri’q qi’z).

2. Taza jumi’si’n’ *qutli’ bolsi’n* (T.İzimbetov).

3. Denin’iz *saw bolsi’n* (T.Qayi’pbergenov).

Tilek meyildin’ *-g’ay, -gey, -qay, -key, -g’i’r, -gir, -qi’r, -kir* ha’m t.b. formalari’ ko’rkem a’debiy ha’m awi’zeki so’ylew stillerinde qollani’ladi’. Tilek meyil ra’smiy is-qag’azlari’ ha’m de publicistikali’q stillerde qollani’ladi’.

## II.4. BUYRI’Q HA’M TILEK MEYILLERININ’ BIR-BIRINEN WO’ZGESHELIGI

M.Da’wletov *-ayi’n, -eyin* formasi’n tilek meyil, al *-ayi’q, -eyik* formasi’n buyri’q meyilge tiyisli dep atasa da bul yeki formani’ buyri’q meyildin’ ishinde ali’p qaraydi’. [1]

Bizin’ pikirimizshe, bul qosi’mtalardi’n’ birlik ha’m ko’plik formalari’ arasi’ndag’i’ semantikali’q o’zgesheliklerin yesapqa ali’p *-ayi’n, -eyin* formasi’n tilek meyil, al *-ayi’q, -eyik* formasi’n buyri’q meyilge kirgizgen maqsetke muwapi’q boladi’. Sebebi, *-ayi’n, -eyin* qosi’mtasi’ arqali’ so’ylewshi wo’zine-wo’zi buyri’q bere almaydi’, al kerisinshe wo’zine tilek ma’nili wo’tinishti bildiriwi mu’mkin. Yekinshiden, *-ayi’q, -eyik* qosi’mtasi’ I bet ko’plik sang’a tiyisli bolg’ani’ ushi’n, so’ylewshi wo’zine ha’m wo’zinin’ sherikleslerine buyri’q ma’nili is-ha’reketti an’lati’wi’ mu’mkin. Mi’sali’: 1. Tez *a’pereyin de, keteyin* degen woy menen ko’pshiligin jerge qoydi’ (E.O’tepbergenov). 2. Usi’lardi’n’ qatari’n bir gazetag’a *jazayi’n* (K.Allambergenov). 3. Amanli’qti’n’ ne jumi’si’ bolsa *isleyik* (T.Qayi’pbergenov). 4. Bizler toyg’a tayarli’q *ko’re bereyik* (K.Allambergenov).

Bul mi’sallarda yag’ni’y birinshi ha’m wekinshi mi’sallarda *-ayi’n, -eyin* formasi’ so’ylewshinin’ haqi’yqatli’qqa bolg’an qatnasi’n, woni’n’ tilegin-wo’tinishin bildirip tur. Al u’shinshi ha’m to’rtinshi mi’sallarda *-ayi’q, -eyik* formasi’ni’n’ belgili bir toparg’a qarati’lg’an shaqi’ri’q, mira’t, buyri’q ma’nisi basi’m boli’p tur.

---

[1] Da’wletov M. Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde feyildin’ funkcional formalar?n?n’ sistemas?. No’kis, 1990, 15-bet.

Demek, *-ayi'n, -eyin* formasi'n tilek meyilge, al *-ayi'q, -eyik* formasi'n buyri'q meyilge kirgiziw maqsetke muwapi'q boladi' yeken. Sonday-aq, *-g'i'r, -gir, -qi'r, -kir* formalari' haqqi'nda da belgili bir pikir joq. Son'g'i' shi'qqan qaraqalpaq tilinin' akademiyali'q grammatikasi'nda bul formani' buyri'q meyilge kirgizedi.[1]

Bizin' pikirimizshe *-g'i'r, -gir, -qi'r, -kir* formasi'n tilek meyilge kirgiziw kerek. Sebebi bul formalar buyri'q ma'nisti bildirmey, al g'arg'i's ha'm alg'i's si'yaqli' tilek ma'nilerin bildiredi. Mi'sali': *Qollari'n' da'rt ko'rmegir, ko'zin'e qum quyi'lg'i'r, na'let jawg'i'r, won'bag'i'r, jetpegir, wo'nip-wo'skir* ha'm t.b.

Bul keltirilgen mi'sallarda *-g'i'r, -gir, -qi'r, -kir* formalari' awi'zeki so'ylew stiline ta'n bolg'an alg'i's ha'm g'arg'i's si'yaqli' tileklerdi bildiredi.

Uli'wma alg'anda *-ayi'n, -eyin* formasi' tilek meyilge, *-ayi'q, -eyik* formasi'n buyri'q meyildin', al *-g'i'r, -gir, -qi'r, -kir* formasi'n tilek meyildin' ishinde u'yrensek maqsetke muwapi'q boladi'.

[1] Ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' a'debiy grammatikas?. So'z jasal?w h'a'm morfologiya. No'kis, 1994, 220-bet.

# JUWMAQ

Juwmaqlap aytqanda, tu’rkiy tillerinde, sonday-aq, qaraqalpaq tilinde de feyiller betleniwshilik qa’siyetine, grammatikali’q formalari’na qaray betlik feyiller ha’m betlik yemes feyiller boli’p bo’linedi.

Betlik yemes feyillerge: atawi’sh feyil, kelbetlik feyil ha’m hal feyiller kiredi.

Betlik feyillerge feyildin’ meyil kategoriyasi’ (buyri’q meyil, tilek meyil, sha’rt meyil, maqset meyil, ani’qli’q meyil) ha’m ma’ha’l kategoriyasi’ (ha’zirgi, wo’tken, keler ma’ha’ller) kiredi.

Feyildin’ meyil kategoriyasi’ is-ha’rekettin’ real haqi’yqatli’qqa bolg’an qatnasi’n bildiredi ha’m woni’n’ formalari’ ha’r qi’yli’ stillerde ken’ qollani’ladi’.

Meyil kategoriyasi’ arqali’ so’ylewshi obektiv haqi’yqatli’qqa wo’zinin’ ko’z-qarasi’n ha’r tu’rli modalli’q ma’nilerdi bildiriwi mu’mkin: buyri’q, sha’rt, tilek, maqset ha’m ani’q ha’reket. Ma’selen, ani’qli’q meyil feyildin’ ha’zirgi, keler ha’m wo’tken ma’ha’llerinde bolatug’i’n, wori’nlanatug’i’n is-ha’reketti ani’q bildiredi. Al basqa meyillerde bolsa ani’qli’q meyildey real haqi’yqi’y is-ha’reketti an’latpaydi’. Wolar wo’z formalari’nda turi’p tek iske asi’wi’ mu’mkin bolg’an ha’reketti bildiredi.

Biz jumi’sta feyil meyillerinin’ barli’g’i’na yemes, al, tek buyri’q ha’m tilek meyilleri, wolardi’n’ qollani’wi’n ha’m bildiriliwin ko’rkem a’debiyatlardi’n’ ha’m de awi’zeki so’ylew tilinen ali’ng’an mi’sallar menen ashi’p ko’rsetiwge ha’reket yettik. Sonday-aq, jumi’sta tilek ha’m buyri’q meyillerdin’ tu’rkiy ha’m de qaraqalpaq tillerinde izertleniw tariyxi’na toqtap wo’ttik.

Jumi’sta buyri’q ha’m tilek meyillerdin’ wo’z-ara baylani’si’, wo’zgesheligi ha’m de stillik qollani’li’wi’ ma’seleleri ha’r ta’repleme talqi’landi’.

Qaraqalpaq tilinde feyil meyilleri arnawli’ tu’rde monografiyali’q jobada izertlenbegen ha’m de izertlewlerdi talap etetug’i’n leksikali’q qatlamlardi’n’ biri.

Jumi’si’mi’zda buyri’q ha’m tilek meyildin’ bildiriliwi ha’m stillik wo’zgesheliklerinin’ to’mendegidey bag’darda ashi’p beriwge ha’reket yettik.

I. Buyri’q meyil

Buyri’q meyil I bet birlik sanda bildirilmeydi, birlik sanda II ha’m III betlerde, al ko’plik sanda III bette bildiriledi.

1. II bette birlik sanda buyri’q meyil tiykar feyiller ha’m de woni’n’ si’payi’ formasi’ *-i’n’, -in’, -n’* jalg’awlari’ menen bildiriledi.

2. *-si’n, -sin* formasi’ III bet birlik ha’m ko’plik sanlardag’i’ buyri’q meyil jasaladi’.

3. *-ayi’q, -eyik* formasi’ arqali’ I bet ko’plik sandag’i’ buyri’q meyil bildiriledi.

4. *-i’n’i’z, -in’iz, -n’i’z, -n’iz* jalg’awlari’ arqali’ III bet ko’plik sandag’i’ buyri’q meyil ma’nisi bildiriledi.

Buyri’q meyil wo’zinin’ arnawli’ formalari’nan basqa da analitikali’q usi’l menen de bildiriledi.

1. Tiykar feyil *da, de, ta, te, qoy, ker, kel, qayt* formasi’nda keledi.

2. Tiykar feyil *-a, -e, -y, -qoy* formasi’nda boli’mli’ ha’m boli’msi’z tu’rde keledi.

3. Tiykar feyil *-a, -e, -y, -ber* formasi’ arqali’ bildiriledi.

4. Tiykar feyil *-a, -e, -y, -sal* tu’rinde boli’mli’ ha’m boli’msi’z formada bildiriledi.

5. Tiykar feyil *-i’p, -ip, -p, -qoy, kel, ju’r, qayt, bar* formasi’nda bildiriledi.

6. Tiykar feyil *-sa, -se, -a, -a’, shi’, shi* janapaylari’ arqali’ bildiriledi.

Sonday-aq, jumi’si’mi’zda buyri’q meyildin’ ma’nileri ha’m stillik wo’zgesheliklerine toqtap wo’ttik.

Buyri’q meyil tek buyri’q ma’nisin bildirmey ha’r qi’yli’ modalli’q-ekspressivlik ma’nilerdi de bildiredi. Ma’selen, buyi’ri’w, talap yetiw, ku’sh

ko’rsetiw, shaqi’ri’w, shaqi’ri’q, ken’es beriw, mira’t etiw, jali’ni’w ha’m t.b. ma’nilerdi bildiredi.

Stillik wo’zgeshiliklerine qaray, buyri’q meyil ko’rkem a’debiy ha’m de awi’zeki so’ylew stillerinde qollani’ladi’. Sonday-aq, *-si’n, -sin* formasi’ ra’smiy is-qag’azlari’ stilinde de qollani’ladi’. Mi’sali’: *tasti’yi’qlansi’n, bekitilsin, si’yli’qlansi’n, tayi’nlansi’n, wori’nlansi’n* ha’m t.b.

Qaraqalpaq tili haqqi’ndag’i’ materiallardag’i’ awi’zeki so’ylew stiline ta’n bolg’an alg’i’s, g’arg’i’s si’yaqli’ tileklerdi bildiretug’i’n *-g’i’r, -gir* formasi’n biz jumi’sta tilek meyildin’ ishinde u’yrenip talqi’law jasadi’q.

## 2. Tilek meyil

Tilek meyilde buyri’q meyil si’yaqli’ yeki tu’rli formada yag’ni’y sintetikali’q ha’m analitikali’q usi’l menen bildiriledi.

### 1. Sintetikali’q yag’ni’y tilek meyildin’ arnawli’ formalari’.

1. *-g’ay, -gey, -qay, -key* formasi’ arqali’ bildiriledi.
2. *-g’i’r, -gir, -qi’r, -kir* formasi’ arqali’ bildiriledi.
3. *-ayi’n, -eyin* formasi’ I bet birlik sang’a tiyisli tilekti bildiredi.

### 2. Analitikali’q usi’l menen tilek meyildin’ bildiriliwi

1. *-qi’, -ki, -g’i’, -gi* tarti’m jalg’awi’ *kel* ko’mekshi feyil menen bildiriledi.
2. *-g’i’, -gi, -qi’, -ki* tarti’m jalg’awi’ *kelip, tur, woti’r, ju’r, woti’r* ko’mekshi feyillerinin’ ja’rdeminde bildiriledi.
3. *-sa, -se, -bolar, -yeken* formasi’ arqali’ bildiriledi.
4. Buyri’q meyildin’ *-si’n, -sin* formasi’ arqali’ da tilek meyil bildiriledi. Mi’sali’: Qutli’ bolsi’n, joli’n’ bolsi’n, baxti’n’ ashi’lsi’n ha’m t.b.

Tilek meyil u’sh bette birlik ha’m ko’plik sanlarda, ha’zirgi ha’m keler ma’ha’l formasi’nda qollani’ladi’. Sonday-aq, tilek meyil ko’rkem a’debiy ha’m awi’zeki so’ylew stiline g’ana ta’n boladi’.

U’shinshi bo’limde biz buyri’q ha’m tilek meyillerdin’ wo’z ara baylani’si’ ha’m wo’zgesheligin ani’q mi’sallar menen ashi’p beriwge umti’ldi’q. Bunda -*ayi’n, -eyin, -ayi’q, -eyik, -si’n, -sin, -g’i’r, -gir* formali’ buyri’q ha’m tilek meyillerdin’ bir de buyri’q, bir de tilek ma’nisinde qollani’wlari’ so’z yetiledi.

Sonday-aq, wolardi’n’ ha’r qi’yli’ stillik maqsetlerde qollani’wlari’n ko’rsetip wo’ttik.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR


1. Abdullaeva L. O’zbek badiiy adabiyotining leksik stilistikasi. Toshkent, 1979.

2. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yaz?k, II, fonetika i morfologiya, chast pervaya (chasti rechi i slovoobrazovanie). Moskva, 1952.

3. Baskakov N.A. Proisxojdenie form povelitelno-jelatelnogo nakloneniya v tyurkskix yazi’kax. «Voprosi’ yazi’koznaniya», 1975. №1

4. Baskakov N.A. Kratkaya grammatika karakalpakskogo yazi’ka. Turtkul, 1932.

5. Bekbergenov A. Qaraqalpaq tilinin’ stilistikasi’. No’kis. 1990.

6. Berdimuratov E. A’debiy tildin’ funktsionall?q stillerinin’ rawajlan?w? menen qaraqalpaq leksikas?n?n’ rawajlan?w?. No’kis, 1973.

7. Grammatika nogayskogo yazi’ka. Fonetika i morfologiya. Cherkessk, 1973.

8. Grammatika turkmenskogo yazi’ka. Ashxabad, 1970.

9. Da’wletov M. Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde feyildin’ funktsional formalar?n?n’ sistemas?. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1990.

10. Da’wenov E., Da’wletov M. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikas?. Sintaksis. No’kis, 1992.

11. Esemuratov A. Qaraqalpaq tili. I’ bo’lim. Fonetika i morfologiya, leksikologiya. No’kis, 1957.

12. Da’wletov M. Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde feyildin’ funkcional formalari’ni’n’ sistemasi’. No’kis, 1990.

13. Dmitriev N.K. Grammatika bashkirskogo yazi’ka. M.,-L., 1948.

14. Yuldashev A.A. Analiticheskie formi’ glagola v tyurkskix yazi’kax. M., 1965.

15. Kononov A.N. Grammatika sovremennogo uzbekskogo literaturnogo yazi’ka. M.-L. 1960

16. Korkina E.İ. Nakloneniya glagola v yakutckom yazi’ke. M., 1970.

17. Qutl?muratov B. Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tilinde ha’reket atlar?. No’kis, 1967.

18. Qazaq tilinin’ grammatikasi’. Morfologiya. Alma-ata, 1967.

19. Quchkortoev İ. Badiiy nutq stilistikasi. Toshkent. Tash DU nashriëti, 1978.

20. Qazaq grammatikas?. Fonetika, So’zjasam, Morfologiya, Sintaksis. Astana, 2002.

21. Qi’rg’i’z tilinin’ grammatikasi’. I’I’ tom. Morfologiya. Frunze, 1964.

22. Musaev K.M. Grammatika karaimskogo yazi’ka. Fonetika i morfologiya. M., 1964.

23. Mamanov E.İ. Sovremennıy kazaxskiy yazık. Moskva, 1962.

24. Meliev K. Hozirgi turkiy tillarda sifatdoshlar. Toshkent, 1974.

25. Nas?rov D.S. Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil. No’kis, 1964.

26. O’zbek nutqi madaniyati va uslubiyat asoslari amaliëti. (Universitetlar talabalari uchun qullanma). Toshkent, 1994.

27. O’zbek tili stilistikasi. Toshkent, 1983.

28. Sadikova M. Fel stilistikasi’. Tashkent, 1975.

29. Sravnitelnaya grammatika tyurkskix yaz?kov. Morfologiya. Moskva, «Nauka», 1988.

30. Tumasheva D.G. Yazi’k sibriskix tatar. Ch. I’I’. Kazan, 1969

31. O’zbek tili grammatikasi. I’. Morfologiya. Toshkent, 1975

32. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No’kis, 1974.

33. Ha’zirgi qaraqalpaq tili morfologiya. No’kis, 1981.

34. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi’. So’z jasali’w ha’m morfologiya. No’kis, 1994.

35. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi’. Sintaksis. No’kis, 1992

36. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No’kis «Qaraqalpaqstan», 1986.

37. Ha’zirgi qaraqalpaq tili. Sintaksis. No’kis, «Bilim», 1996.

38. Shomaqsudov A., Rasulov İ., Rustamov K. O’zbek tili stilistikasi. Toshkent, 1983.